

# BALALAR USHÍN QOSÍQLAR HÁM GÚRRIŃLER

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач

| | |
|---|---|
| 12 18 | 1516 |
| 12 18 | 1516 |
| 3 02 19 | 50 |
| ~~20.03.19~~ | ~~67~~ |
| ~~0819~~ | ~~818~~ |
| 02 20 | 434 |
| 4.02.20 | ~~434~~ |

Зак. Б-192—20

n
inler
112 b.
9393 s.

84(5Qar)
Ф В-35

# BALALAR USHÍN QOSÍQLAR HÁM GÚRRIŃLER

*(Kishi hám orta mektep jasındağı balalar ushın)*

NÓKIS
«QARAQALPAQSTAN»
2017

BALALAR USHÍN QOSÍQLAR HÁM GÚRRIŃLER
*(Kishi hám orta mektep jasındaǵı balalar ushın)* —
Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2017-jıl, 112 bet.

UDK: 821.512.121(082)-053.5
BBK: 5 Qar
B—35

Balalıq — hadallıq, páklik, shadlıq, taza, nurlı sezimlerge tolı máwrit. Onda hárqanday sezimler, tuyǵılar kishkene doslarımızdıń shın júrekten shıqqan pák niyetleri menen baslanadı. Kishkene kitap qumar doslarımızdıń usınday balalıq kewillerine quwanısh hám insanıylıq pazıyletlerin sińdiriwshi poetikalıq gúldásteler jıynaǵın belgili balalar jazıwshıları hám shayırları tárepinen usınıladı.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIWLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89361

ISBN 978-9943-5054-2-1

© «Qaraqalpaqstan» баspası, 2017.
© Balalar ushın qosıqlar hám gúrrińler, 2017.

TOLİBAY QABULOV

# BALALAR BAǴÍNDA

## ASHKÓZLER

*(Qaraqalpaq xalıq ertegi motivinde)*

Bir bar eken, bir joq eken ertede,
Erteklerdiń qulaq, murnı keltede.
Bolǵan eken aǵayinli úsh jigit,
Usamaǵan hasla adam bendege.

Úshewi de tuwılǵalı anadan,
Tuwısqannan baylıqtı dos sanaǵan.
Naǵız ashkóz, qızǵanshaq bop ósipti,
Dúnya dese tat bolsa da jalaǵan...

Birin biri kóre almaǵan, jek kórgen,
Bir-birinen hiylelikti ótkergen.
Áytewir-aq nárse ushın gey waqta,
Alarısıp bir-birine tap bergen.

...Bir kúnleri olar erte báhárde,
Talap izlep shıǵıptı bir sháhárge.
Jolda ketip baratırıp úshewi,
Jolıǵıptı altın tolı lágenge.

Altın! Altın! Qaq jarılıp qanası,
Tarpa basıp, tırmalasıp, talasıp.

Bara bári bas salıptı. «Altındı,—
Quday kókten taslaǵan ǵoy shaması!»...

«Bar ma eken bunnan basqa taǵı da?»...
Dep, jaltaqlap qarasıp jan-jaǵına.
Dárhal olar «quday bergen altındı»,
Qaldırmastan salıp alǵan qabına.

Altın qapta. Al, endigi másele,
Tapqan olja bólinedi neshege?...
Usı soraw sarsıldırıp olardı,
Hárbiriniń miyin qurttay tesedi.

Ári oylanıp, beri oylanıp, aqırı,
Ábden sharshap, alıspaptı aqılı...
Bir waqıtta eki aǵa emirenip,
Inisine bılay depti ah urıp:

— Bizlerdi sen tuwısqan dep sanasań,
Bereket tap, nan alıp kel qaladan.
Sen kelgen soń bólisemiz altındı,
Barıw-keliw «jol haqı»da alasań!?

— Joq, barmayman!
— Ótinemiz!
— Barmayman!
— Onda bizler baramız, sen barmaysań!
— Meyli, onda!...
— Atlan jolǵa! Biraq ta, —
Nandı saylap, pisiginen alǵaysań...

«Jaqsı» depti, ol qalaǵa ketipti,
Eki aǵa «muradına jetipti».
Bir sheńgeldiń sayasında otırıp,
Oylasıptı hám bılay dep sheshipti:

«Altındı alsaq inimizdi óltirip,
Iye bolsaq mal, dúnyaǵa tórt túlik.
Solay etsek, jurttan asqan bay bolsaq,
Baxıt, dáwlet berilgeni máńgilik...».

Orınlawǵa usı arzıw-ármanın,
Jumsap olar bar hújdanın, bar janın.
Inisiniń tez keliwin kútipti,
Tasqa qayrap qonıshtaǵı qanjarın.

Al, inisi baratırıp qalaǵa,
Bılayınsha oylanıptı dalada.
«Altındı alsam, eki aǵamdı óltirsem,
Jalǵız ózim bayır edim oǵada»...

Solayınsha kelip ol da sheshimge,
Qalaǵa da barıp erte pesinde.
Nan aladı hám adamǵa bildirmey,
Uw qosadı jolda nannıń ishine.

Nandı alıp tum-tusına qaranıp,
«Bayıytuǵın boldım-aw» dep quwanıp.
Jetip kelse, aǵaları «ash bolıp»,
Jatır eken jógisirep, buralıp.

Ushıp turıp eki birdey zańǵarlar,
Bara birden asıladı qanjarǵa.
Altın ushın arın satıp, inisin,—
Eki aǵası jayratıptı sol manda.

Kózden aqqan jaslar menen qosılıp,
Qan aǵıptı inisinen josılıp,
Solay etip, inisi ayaq serppesten, —
Máńgi uyqıǵa kete bergen kósilip...

Altın ushın alǵan aqıl, tınıshın,
Eki aǵa qurban etip inisin,
«Bári bárjay boldı ǵoy» — dep shadlanıp,
Dawam etken quwanıshın, kúlisin.

Dárhal olar dasturxanǵa asılıp,
Nandı jepti kewillenip, másirip.
Qaydan bilsin, qumıran qapqır ashkózler,
Ájeline turǵanlıǵın asıǵıp.

Nandı jepti, ráhátke batıptı,
«Az ǵana dem alayıq» — dep jatıptı.
Sál jatıstan, qozǵalmastan, sol jerde,
Ekewi de tap sespesten qatıptı.

Ashkózliktiń ashınarlıq saldarı,
Áne, sóytip úsh gelleni jalmadı.
— Aǵayinler aldadı ma bir-birin?
— Joq! Olardı ashkózlilik aldadı!

Bul ertekti xalıq dóretken ertede,
Erteklerdiń qulaq, murnı keltede.
Kórdiniz ǵoy, ashkózlik awır dárt,
Al, doslıqta jasaw qanday mártebe!

## QARA BUǴA

«Qara buǵa» awılı dep burınnan,
Atalǵan jer — ata jurtım tuwılǵan.
Usı jerde jaslıǵımnıń báhári,
Qızıl gúldey sheshek atıp qubılǵan.

Qanday ıssıq tuwǵan jerdiń qoynı,
Kórseń kókke sharıqlatar oyıńdı!
Adam sirá umıtar ma, ol jerde, —
Balalıqta bastan keshken oyındı.

Mine, biz de oqıp júrgen balamız,
Qıdıramız, toǵay, kólge baramız.
Geyde shıǵıp biyik qumnıń basına,
Náwbet penen ertek aytıp alamız.

Esimde bar, umıtpaǵan ekenmen,
Sonda men de aǵam Mámbet degennen,
Esitken bir «Qara buǵa» haqqında,
Gúrrińimdi talay aytıp bergenmen.

— Seniń ushın qızıqlısı sol jaǵı, —
Dedi de ol, áńgimesin basladı:

Bayağıda usı jerde jasaptı,
Báwen degen jalań ayaq — bir jarlı.

Qayğı bultı qaplap turğan zamanda,
Jarlı-jaqıbay sanalmağan adamğa.
Bararğa jer, batarğa kól tabalmay,
Tek jenshilip júre bergen tabanda.

Sol zamanda Báwen dúzde mal bağıp,
Kún keshirgen kúni-túni zar qağıp.
Ómirinshe ókireń qağıp júrse de,
Qarnı toyıp, bir ishpegen jarmanı.

Mudam muń hám qayğı bolıp joldası,
Júrgenimniń bári baydıń paydası.
«Kúni ushın kúl tasığan» zamanda,
Bayğustıń tek tamağı eken sırlası...

Ómirlik jal haqısı dep bay gázzap,
Biysharağa bergen eken bir baspaq,
Sol baspağı buğa bolıp sońınan,
Shığa kelgen hókki minez jol taslap.

Ayır baqan bolıp ósken shaqı da,
Báwen menen birge bolğan bárqulla.
Altı jasqa shıqqanınsha buğanı,
Bir de ret jip tiymegen basına.

Erkin júrip mudam eldiń shetinde,
Qatbarlanıp may baylanğan etine.

Adam bende batalmaǵan buǵanıń,
Payanına jaqınlasıp ótiwge.

Aran kibi ashılǵanda awızı,
Sál sozılıp sawmalanǵan sawrısı.
Tórt shaqırım jerge jetken qusaydı,
Tún ishinde móńiregende dawısı.

Átirapta ańılıp júrgen jaw barday,
Keshke qaray kózi janǵan gáwharday.
Tuyaqları sıtırlasıp ses bergen,
Bawrayında qulanı kóp tawlarday.

Jolbarıslar malǵa shawıp ol waqta,
Qáwip dónip turadı eken el-xalıqqa.
Ǵarrılardıń aytıwınsha, jolbarıs, —
Adamdı da alǵan deydi hár waqta.

Maldı úyirip bárha otlaq jerlerge,
Qara buǵa biyǵam otlap júrgende.
Qápelimde qamıslıqtı qaq jarıp,
Bir jolbarıs qarsı aldınan gez kelgen.

Baslanadı arpalısqan shın ayqas,
Bárine jarıp bulmandaǵı bir ayqas.
Ólim yaki ómir ushın bolǵan soń,
Kópke deyin sozıladı bul ayqas.

Ayqasqanın biraq kózim kórmedi,
Ańız sózler boyınsha bul eldegi.

Ekewiniń qarıwına shıdamay,
Súrgen jerdey tilkimlengen jer beti.

Buǵa bolıp xalıq tilinde zor dástan,
Bir taban da sheginbesten, taymastan.
Sol jolbarıs penen anıq eki kún,
«Babıqqum»nıń eteginde ayqasqan.

Jolbarıs ta eken júdá berikli,
Buǵadan ol biraz basım kelipti.
Bir waqıtta buǵa sál-pál sheginip,
Qos múyizdi ash búyirden beripti.

Eki jerden ash búyiri tilinip,
Jolbarıstıń beli qalǵan búgilip.
Kirgen shaqtan jazdırılmay jolbarıs,
Tura bergen qos múyizge ilinip.

Jelkesinen jazdıra almay ólikti,
Qara buǵa dúzde tura beripti.
Aqırında ash bolıp hám hálsirep,
Úshinshi kún tań aldında ólipti.

Xalıq qıynalǵan ólgenine buǵanıń,
Hátte, Báwen barıp súygen tabanın.
Jolbarısqa jol bermegen tiride,
Usı buǵa kóterdi awıl ataǵın.

«Qara buǵa» awılı házir Taxtada,
Xojalıǵı qurǵın awıl shoq ǵana,

Qushaǵında máńgi báhár, máńgi jaz,
Jerleri bay hasıl jipek paxtaǵa.

Xalıq umıtıp eski túnek dáwirin,
Máńgi juttı náwbáhárdiń sáwirin,
Keleshegi kún nurınday jaynaǵan,
Gúl jaynaǵan awıl — házir awılım.

## BALALAR BAǴÍNDA

Boldım men jaqında,
Sháhár Tashkentte.
«Balalar baǵında»,
Boldım ol bette.

Baǵ meni terbetti,
Boldı kewlim shad.
Barlıǵı ertektey,
Ájayıp-aw tap.

Daraqlarǵa zordan,
Jetedi qulash.
Jasıl japıraqlardan,
Sıǵalar quyash.

Átirap azada,
Salqın sayalar.
Suw serpip jańa da,
Ketti balalar.

Bir jaqta átkónshek,
Bir jaqta bilyard.

Gileń jas jetkinshek,
Kewilleri shad.

Birewleri suwda,
Qalqıp júzbekte.
Birewleri qırda,
Awnar kók shópte.

Qay jaqqa qarasań,
Qaynaǵan ómir.
Kórip shadlanasań,
Tolqınlap kewil.

Baǵda bir azıraq,
Oynasam deyseń.
Gúllerdey jadırap,
Jaynasam deyseń.

Kewilli kúlkiler,
Shadlı dawıslar.
Tal-tal estiler,
Taǵı alıslar...

## SVETOFOR HAQQÍNDA QOSÍQ

Kóz aldında nurlanıp,
Awıllar tur, qala tur.
Birew isten kiyatır,
Birew iske baratır.

«Svetofor» ol tek te,
Adamlarǵa dos bolar.
Turıp úlken dárbentte,
Háreketti basqarar.

Qızıl jansa: *Tur! Toqta!*
Sarı qoyar — *zor talap.*
Jasıl jansa, sol waqta,
*Óte bergil, márhámát!*

Asfalt jolda aǵılar,
Mashinalar dizbegi.
Velosiped taǵı bar,
«Kárwan»dı ayt gúzdegi!..

«Svetofor» biz búgin,
Minnetdarmız aldıńda.
Háreket qáwipsizligin,
Saqlaymız biz bárqulla!

Qızıl jansa: *Tur! Toqta!*
Sarı qoyar — *zor talap.*
Jasıl jansa, sol waqta,
*Óte bergil, márhámát!*

## BALAMNÍŃ BALASÍNA

Bılay dep aytajaqpan,
Balamnıń balasına:
— Janǵanıń abzal, haqtan
Qalǵansha jalasına.

Heshqashan shekelenbe,
Kele ber rasınan.
Álemde awır zat joq,
Adamnıń gúnasınan.

Paydalı jay izleme,
Birewdiń panasınan.
Suw kórseń, sayız deme,
Keshpey say-salasınan.

Jalınıp-jalpay ma da,
Táǵdirdiń sharasına.
Al, sonnan tal shaynasań,
Túspeymen arasına...

Usılardı aytajaqpan,
Balamnıń balasına.
Janǵanım jaqsı, haqtan
Qalǵansha nalasına.

Bul sózim barıp jetkey,
Olardıń sanasına.
Ataǵa qarap óskey,
Balamnıń balası da!

## ULÍMNÍŃ ÚLKENINE

Saǵan kóp baqıraman,
Saǵan kóp shaǵınaman,
Ulımnıń úlkeniseń,
Ilaj joq, ne qılaman?!

Sen ele qarshadaysań,
Sen ele sharshamaysań.
Aldıńda asqar taw bar,
Sen ele arqalaysań.

Men seni kóp jumsayman,
Qıyın is tapsırmayman.
Ómirdi usı bastan...
Úyrensin dep jumsayman.

Jumsayman alıslarǵa,
Sınaq hám jarıslarǵa.
Shárt seniń erisiwiń,
Erlikke, tabıslarǵa.

Men seni qattı uslayman,
Aytısıp, tartıspayman.
Arıńdı jastan saqla,
Álpeshlep alǵıslayman.

Quwanba kúnde-kúnde,
Úndemey júrgenime.
«Kópirde tayaq jegen
Túyeniń úlkeni de»...

Men seni urmayman da,
Dápinip turmayman da.
Moynıńa «mıń mashqala»,
Artaman bir maydanda.

Shıǵarsań bunnan juwmaq,
Bolǵanıń maǵan urpaq!
Ózińde bolsa gúna,
Qalalmas heshkim qorǵap.

Jasa tek hadal bolıp,
Ózińe qatal bolıp.
Adamnan tuwıldıń ba,
Máńgi bol adam bolıp.

Saǵan kóp baqıraman,
Saǵan kóp shaǵınaman.
Ilaj joq, ata miyras,
Dástúrge baǵınaman...

## QÍZÍM, TÍŃLA...

Qızım, tıńla, saǵan aqıl aytaman:
Ata sózi — aqıl, onnan paydalan.
Eldiń milliy dástúrine sadıq bol,
Erteń júziń jarqın bolar aydan hám.
Qızım, tıńla, tákirarlayman qaytadan:
Anańnıń is usılınan paydalan.
Xızmetińdi xalıq unatsa, óziń de
Sol anańa san mıń alǵıs aytasań.
Qızım, tıńla, tákirarlap aytaman:
Xalıq naqıl-maqalınan paydalan.
Sózińdi jurt maqullaǵan waǵında,
Appaq nurday bolıp turar aylanań.
Márt tabılsa — tabıladı maydan hám,
Biraq ta qash, payanı joq paydadan.



RESPUBLIKALIQ
MA'LIWMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
89361

Usılardı iske asırıp jasasań,
Mağan ele mıń raxmet aytasań...

* * *

Qızım, qosıq hám ayt, qızlarğa usap,
Xorğa qosıq ayt hám, qızlarğa usap,
Biraq, iybe saqla, úrkip, úrpeyip,
Ushıp-qonıp turma quslarğa usap.
Qızım, toy hám toyla, qızlarğa usap,
Qızım, oyın oyna, qızlarğa usap.
Biraq, arqalama gúlli gúnanı,
Asqa tatımağan duzlarğa usap.
Qızım, ádepli bol, qızlarğa usap,
Baxıt-saadatlı bol, qızlarğa usap.
Biraq, dıq saqlama, dostı baplama,
Ishten alatuğın ızğarğa usap...

* * *

Qızım, qız-juwandı qızıl gúl deydi,
Ómir ráwshanı, báhár bul deydi,
Nege keshegidey keypiń joq búgin?
Qánekey, mağan ayt, sağan kim tiydi?
Yaki sabağıńnan bilmey qaldıń ba?
Taxtağa shıqqanda úndey aldıń ba?
Soğan arıń kelip, namıslanıp sen,
Jurt kúlgen waqıtta kúlmey qaldıń ba?
Ayt, qánekey, appaq qızım, ay qızım,
Seniń kewliń bolsın mudam jay, qızım.

Aspanda ay, juldızlar bar, quyash bar,
Ápereyin, ayt, qáleyseń qaysısın?

* * *

Pándiw-násiyatım: tıńlań, qızlarım,
Biliń, alda shashılajaq duz barın.
Eger, dúnya abad bolsın deseńler,
Ádep-ikram bolsın ullı ustazıń.
Bilińler, búginnen soń da kún barın,
Bilińler, álemniń qupıya sırların.
Eger, ata sózin uran etseńler,
Alla ráhim etip, shashar nurların.
Pándiw-násiyatım: tıńlań, qızlarım,
Biliń, báhár, jazdan soń gúz, qıs barın.
Jáhán máńgi jaynap tursın deseńler,
Dos bolıp, bas iysin hátte dushpanıń...

SHIYRIN ATAMURATOVA

# SÁLEM, MEKTEP!

## KÓYLEK

Appaq kóylek,
Aq kóylek,
Ózi maǵan,
Shaq kóylek.
Appaq kóylek,
Shıraylı.
Maǵan júdá,
Unaydı.

## PÍSHÍǴÍM

Mıyaw-mıyaw
Pıshıǵım.
Bizge tiydi
Qırsıǵıń.

Otırmaysań
Quwısta.
Islemeyseń
Jumıs ta?

Tıshqan ba dep
Oynaysań,
Tótelerdi
Qoymaysań!?

Úyden tıshqan
Izle-dá.
Tóte kerek
Bizlerge.

## PAXTA

Appaq paxta
Aq paxta,
Mamıqtay
Jumsaq paxta.

Appaq paxta
Aq paxta,
Sup-sulıw
Jipek paxta.

## JAP BOYÍNDA

Jap boyına
Jasıl reń
Tóselipti
Kók gilem.

Samal menen
Terbeler.
Gilemdegi
Kók gúller.

## SAMAL

Samal, samal, samaljan,
Qayaqlardan keleseń,
Húwildewden basqa sen,
Qanday qosıq bileseń?

## QUYASH

Quyash, quyash, ha quyash,
Nurlarıńdı moldan shash.
Úlkemizge tezirek,
Ushıp kelsin qarlıǵash.

Quyash, quyash, ha quyash,
Jarqıray ber kún sayın.
Jaqınladı gózzal may,
Kútpektemiz jaz ayın.

## QARA ǴARǴA

— Qara ǵarǵa, qara ǵarǵa,
Ǵaqıldaysań qonıp talǵa.

Qar jawǵanın qáleyseń be?
Qara suwıq tileyseń be?

— Men ǵarǵaman, ǵarǵa, ǵarǵa,
Ǵaqıldayman qonıp talǵa.
Qar jawǵanın qálemeymen.
Qara suwıq tilemeymen.

## JAMǴIR

— Jamǵır, jamǵır, jamǵır-aw,
Bunsha nege jawasań?
Oynawǵa da shıqpadıq,
Qorqıp marjan tamshıńnan.

— Qorqpa, qorqpa, balalar,
Maysalardı juwaman.
Oynaytuǵın jerlerdiń,
Shań-tozańın quwaman.

## AYAZ BABA

Jana jıldı
Kútip kelgen
Ayaz baba.

Kóp jollardı
Ótip kelgen
Ayaz baba.

Bizge sawǵa
Etip kelgen
Ayaz baba.

## QÍS KELGENDE

Kúnnen-kúnge
Qısqaradı kún.
Kúnnen-kúnge
Uzayadı tún.

Pıshıǵımda
Ketpey alısqa.
Tıǵıladı
Úyge, quwısqa.

## YOLKA

Qısı-jazı kóp-kónbek
Sira sının buzbaydı.
Qáddi de tik, sup-sulıw
Mudamı jas, shıraylı.
Jańa jılda jadırap,
Bizge shadlıq baǵıshlar.
Túrli reńde jarqırap,
Jańa jıldan alǵıslar.

## SUWÍQ

Sıbızǵısın
Qattı sherter.
Kók shóplerdi
Gúzep keter.
Aǵın suwdı
Kók muz eter.

## AWÍL TAŃÍ

Say sarqırar,
Alıs jaqta.
Shıq jarqırar
Japıraqta.

Sonday gózzal
Awıl tańı.
Qozı, ılaqtıń
Mańırawı.

## SOQPAQ

Jetkeredi
Meni demde-aq,
Mektebime
Usı soqpaq.
Soqpaq joldıń
Eki jaǵı.

Awılımnıń
Miywe baǵı,
Sonlıqtan ba?
Jasıl soqpaq.
Maǵan jaqın,
Íssıq hár waq.

## SÁLEM, QÍS!

Sálem, sálem,
Appaq qıs!
Suwıǵıńnan qorıqpaymız.
Muzlarıńda sırǵanap,
Qarıń menen oynaymız.
Awıl-aymaq, qalaǵa,
Jaylawlarǵa, dalaǵa,
Appaq gilem tóseyseń.
Áynegimdi naǵıslap,
Tún boyına bezeyseń.

Sálem, sálem,
Appaq qıs!
Súwretshiseń —
Sen naǵız.

## TÚNDE

Quyash uyqılar
Taw artında.
Juldızlar parlar
Bul waqtında.

Kókte júzer
Domalaq ay.
Tún qoynına
Berip shıray.

## MENIŃ ELIM

Qısı gúmis
Jazı jasıl.
Altın gúzi
Berer hasıl.
Báhárine
Jetpeydi sóz.
Gúllerine
Toymaydı kóz.

Táriyplewge
Tiller jetpes.
Shırayına
Hámme háwes.
Meniń elim
Tuwǵan jerim.
Gúllene ber
Ele berin!

## ANAJAN

Saǵan arnap anajan,
Qosıq aytıp beremen.

Sabaqlardan bárqulla,
«Tórt», «bes» alıp kelemen.

Saǵan mudam anajan,
Xızmet etpey bola ma?
Aqlamasam sútińdi,
Perzentim dep sanama.

## BÁHÁRDE

Kókte bult joq
Ashıq aspan.
Quyash kúlip
Nurın shashqan.

Ónip shıǵar,
Shigit náli.
Biri qalmay,
Túwel bári.

Jawdırasqan,
Ǵawashalar.
Quyash nurın,
Tamashalar.

## JAŃÍLTPASH

Úshew edi
Kúshigim.
Ekew edi
Pıshıǵım.
Kishigimniń
Ekewin,

Pıshıǵımnıń
Birewin.
Ballar menen
Úlestim.
Ham olarǵa
Teńlestim.

## TÁBIYAT

Bári tanıs
Bári bilis.
Sulıw, kórkem
Bul kórinis.

Aspan menen
Ushlasadı.
Tawlar menen
Tutasadı.

Paxtazarlar
Appaq-appaq.
Írǵalısar
Salı masaq.

Daraqlarda
Kók japıraq.
Sıldırlaydı
Aytıp jumbaq.

## SAWǴA

Túrli gúller
Gil hasıl.
Japıraqları
Jap-jasıl.

Átir iyisin
Tarartar.
Xosh sezimler
Oyatar.

Sol gúllerden
Bir dáste.
Alıp keldim
Gúldáste.

Gúlzarımda
Írǵalǵan.
Gúlim sizge
Arnalǵan.

Qabıl etiń,
Anajan!
Gúllerimdi
Jaynaǵan.

## AWÍLÍM

Qatar-qatar
Suluw jaylar.
Sarlap ağar
Jılğa, saylar.

Jawdırağan
Alma bağıń.
Jaynap turar
Jazdıń wağı.

Kip-kishkentay
Kóp balalar.
Bağlarında
Kúlip oynar.

Átkónshekte
Ushar olar.
Kók aspandı
Qushar olar.

## AĞAMA

Isimizden quwansań,
Áste ğana kúleseń.
Kewlimizdi bizlerdiń,
Soramay-aq bileseń.

Qaldırmastan hár kúni,
Kúndelikti kóreseń.
Eki alsam gey waqta,
Qapa bolıp júreseń.

Seniń qapa bolğanıń,
Mağan awır batadı.
Sonıń ushın oqıyman,
Oqıwımdı sapalı.

## NESHEW BOLDÍQ, TABÍŃÍZ?

Úsh úkem bar, ájapam,
Kempir apam, ájaǵam,
Aǵam, apam, bárimiz —
Neshew boldıq, tabıńız?

## KEMPIR APAM

Kempir apam bar meniń
Kóp ertekler biledi.
Jıynap alıp bizlerge
Ertek aytıp beredi.

Kózáynegin taǵıp ol
Kóyleklerdi tigedi.
Qurı otırǵandı ol
Júdá jaman kóredi.

## KÓGERIP TUR TEP-TEGIS

Mektebimiz qasına,
Japlardıń jaǵasına.
Baǵman atamnan alıp,
Bárimiz ǵayrat salıp,
Otırǵızdıq almanı.

Erik, ánjir, shabdalı,
Tárbiyalap waqtında.

Suwǵardıq biz taǵı da,
Tikken hárbir nálshemiz,
Japıraqladı tep-tegis.

## BIR JASQA DA TOLMAǴAN

— Sorap edik Sabırdan,
Kimdi jaqsı kóreseń?
Ol oylanıp, bılay dep:
— Eń jaqsısı Gúlásem.

— Ne ushın ayt sebebin,
— Baqırmaydı ol maǵan.
— Ayt, neshege kelgenin,
— Bir jasqa da tolmaǵan.

## ÓKINISH

Oynar edik qızıǵıp,
Futbol tewip sharbaqta.
Multfilm dep shaqırdı,
Birewimizdi sol waqta.

Topqa sirá qaramay,
Juwırıppız bárimiz.
Film túwesilgen soń,
Qaytıp keldik taǵı biz.

Kelgen menen ne payda?
Futbol oynay almadıq.
Barlıq jerdi aqtarıp,
Toptı izlep sharshadıq.

Tabılǵanda tobımız.
Qılmas edik já③riya.
Sabaq bolar bizlerge,
Usı kishi waqıya.

## PAXTANÍŃ SÓZI

Tuwǵan jerge
Shigit egip.
Hár kún sayın,
Kórdiń kelip.

Asıqtay bult
Qıynap seni.
Perzentindey
Kúttiń meni.

Jazdıń ıssı,
Kúnlerinde.
Suw ashtıń sen
Túnlerinde.

Az bolǵan joq,
Isiń seniń,
Jabayı shóp
Ósirmediń.

Jıl boyına
Islediń sen.
Jıynap bolmay
Tınbadıń sen.

Appaqlıǵım
Miynetińnen.
Jumsaqlıǵım
Húrmetińnen

Altın gúzde
Úydiń meni.
Alǵıslayın
Endi seni.

## NESHEGE KELGEN

Meniń kempir apamdı,
Hámme jaqsı biledi.
Qońsı-qoba barlıǵı,
Kúnde kelip kóredi.

Tıńlasam men gáplerin,
Kútá qıyın bolıptı.
Ertek desem barlıǵın,
Kózi menen kóripti.

Apam geyde asıqpay,
Barmaq búgip sanaydı.
Atımızdı bizlerdiń,
Ózimizden soraydı.

Sonshama kóp apamnıń,
Aqlıq-shawlıq balası.
Qaldırmastan sanasań,
Júzge jeter shaması.

Apam sıypap basımnan,
Geyde bılay der maǵan.
Áyne Nawrız ayında,
Sıyır jılı tuwıldım.

Usı bıyıl esapla,
Neshedemen men, ulım?

— Mısal men másele,
Teńlik penen teńleme.

Bárin isley beremen.
Olarǵa men shebermen.
Biraq, jasın apamnıń,
Anıq taba almadım.

Aǵam menıń eliwde,
Atam seksenge kelgen.
Kempir apam atamnan,
Jigirma jasqa úlken.
Sonda she kempir apam,
Neshege kelgen eken?

## TÓRTTE EMES, BESTEMEN

Erte menen
Quwanıp shad.
Apasınan
Sorar Gúlshat.

— Apa, apa,
Neshedemen?
— Appaq qızım,
Tórttesen.

— Joq, joq apa,
Olay emes.
Tórt qosıw bir,
Boladı bes.

Tórtte edim
Keshe men.
Endi búgin
Bestemen.

## KISHIMEN ELE

— Nálshege nege,
Qarap turmadıń?
Jep ketken eshki,
Nege quwmadıń?

— Ańlamay qaldım,
Kishimen ele.
Bárin de isleymen,
Úlkeye kele.

## BAQSHADA

Qızıl, sarı, jasıl kók
Oyınshıqlar júdá kóp.
Ayıw, túlki, qulınshaq,
Kózi sulıw quwırshaq.
Bári menen oynaymız,
Oyınǵa hesh toymaymız.

## NE USHÍN, SEN, JÚRMEYSEŃ?

Jalıqpayman oynawǵa
Quwırshaǵım, sen menen.
Átkónshekte bárqulla,
Háyyiw aytıp terbeymen.

Shomıldırıp hár kúni,
Shashlarıńdı tarayman.
Kóylegińdi kiydirip,
Bantigińdi baylayman.

Úkem menen jasıń teń,
Biraq ta sen kúlmeyseń.
Úkem júrer juwırıp,
Ne ushın, sen, júrmeyseń?

## JAYNA, JASNA, BAQSHAMÍZ!

Jarasıqlı baǵlarda,
Gúldey bolıp jaynaymız.
Baqshamızda tamasha,
Oyınlardı oynaymız.

Qánekey, tez kelińler!
Qolıńızdı berińler.
Keńnen alıp dóńgelek,
Oynaymız shır gúbelek.

Sonday jaqsı baqshamız,
Kóp qosıqlar úyretken.
Jayna, jasna, baqshamız!
Súyemiz shın júrekten.

## ÚYREGIM

Jorǵalaysań, júreseń,
Suwda shaqqan júzeseń.
Sonday sulıw páriń aq,
Bárha jıllı hám jumsaq.

Úyregim, háy, úyregim,
Uzın murın úyregim,
Wax-wax-wax-wax, dey berme
Ílaydı kóp jey berme...

Úyge barıp kelemen
Dán ákelip beremen.

## QASIŃDAMAN

— Apa, apa,
Endigi ret.
Súyme meni,
Qundızım dep.

Búgin bizler,
Kino kórdik.
Qundızdı da,
Sonda bildik.

Qundız suwda,
Jasaydı eken.
Pıshıǵıma
Uqsaydı eken.

Al men bolsam,
Baqshadaman.
Úyge kelsem,
Qasıńdaman.

## QONAQQA KELIŃ!

Jadırap jaynar,
Tuwılǵan elim.
Doslar márhámát,
Qonaqqa keliń!

Paxtazarımdı,
Aralap kóriń.
Jıldan-jılǵa mol,
Aq altın ónim.

Jaylawlarımda,
Jayılar malım.
Atızlaprımda,
Írǵalar salım.

Kewli ashıq
Bawırman elim.
Asıǵıń, doslar!
Elime meniń.

## SHOKOLADTÍ TEWESTIM

— Apa, apa,
Islerdiń,
Barlıǵın da,
Pitkerdim.

— Olay bolsa
Ayt janım,
Qanday jumıs
Bolǵanıń.

— Konfetlerdi
Úlesip,
Shokolatdı
Túwestim.

## ISENIMIN AQLAYMAN

Apam menen ájaǵam,
Meni maqtaydı mudam.

Úkemlerden bul waqta,
Qısınaman sonlıqtan.
Geyde ashıwım keler,
Bunı úkemler biler.
Sonda dárhal oylanıp,
Úkemlerden uyalıp,
Qátemdi tez ońlayman.
Ashıwǵa jol qoymayman.
Maǵan degen anamnıń,
Isenimin aqlayman.
Aytqan hárbir gáplerin,
Men yadımda saqlayman.

## KÚSHIGIM

Aparıwǵa bolmaydı,
Sen, kúshikti baqshaǵa.
Jaqınlasa úreseń,
Bárqulla sen basqaǵa.

Tanıs kórseń juwırıp,
Qaptalınan qalmaysań.
Sonıń ushın bilip qoy,
Baqshamızǵa barmaysań.

## ÁRMAN

Oqıp bilsem
Kitaptı,
Jazıp bilsem
Hám xattı.
Maqtap appaq
Kepterdi,
Aytıp qızıq
Gáplerdi.

Jazar edim
Sulıwlap.
Ájaǵama
Ózim xat.
Dersiz aǵań
Qayaqta,
Ol shegarashı
Uzaqta.

## BULTLAR

Geyde aspan
Ap-ashıq,
Geyde keter
Bult basıp.

Geyde quyar
Nóserlep,
Geyde óter
Sebelep.

Paxtaday aq
Bultlar,
Bir jaqlarǵa
Jılıslar.

## DÁRHAL JUWAP BEREDI

Túrli reńde tawlanıp,
Japıraqlarda jarqırar.
Quyash shıqsa qay jaqqa,
Jasırınar tamshılar.

Sorap aldım aqırı,
Ájapamnan barlığın.
Qay jaqlarğa ketkenin,
Bilip aldım tamshının.

Qanday jaqsı ájapam,
Barlığın da biledi.
Qanday soraw bersem de,
Dárhal juwap beredi.

## BIZLER EKEWIMIZ

Asan menen ekewimiz,
Egizdey bop júremiz.
Baqshağa da ekewmiz,
Birge barıp kelemiz.

Kórgen joqpız talasıp,
Oynap júrmiz almasıp.
Traktorğa mashina
Mashinağa traktor.

Isenbeseń bizge sen,
Balalardan sorap kór.
Sonlıqtan da balalar
Bizdi jaqsı kóredi.

Ekewimizdey oynawğa,
Háwes bolıp júredi.

## AYGÚL MENEN GÚLAYÍM

Aygúl júrer
Azada,
Kyimleri
Tap-taza.

Úkesine
Qaraydı
Gáplerińdi
Tıńlaydı.

Kishipeyil
Jıynaqlı.
Kóp ishinde
Ardaqlı.

Qurdası she,
Gúlayım?
Uqsamaydı
Oǵan dım.

Aytqanıńdı
Qılmaydı.
Jumısqa qol
Urmaydı.

Onı sizler
Bilesiz.
Kórseńizler
Kúlesiz.

## JUMBAQLAR

Pálegi jasıl,
Túynegi jasıl,
Kútseń álpeshlep,
Beredi hasıl.
Tárbiya, suwın,
Etseńiz tayın,
Bolar jıynawǵa,
Hár mezgil sayın.
Oylap tezirek,
Ayt, sen, Ádilbek?

*(Qıyar)*

Topqa uqsas domalaq,
Sarı ala, kók ala,
Pisse bolar jup-jumsaq,
Onı biler hár bala.
Ózi erte pisedi.
Sabağınan túsedi,
Jeyseń miyriń qanǵansha,
Atın onıń tap, Aysha?

*(Jambılsha)*

Tap oqjayday kerilgen,
Jeti reńde terilgen.
Jamǵır quyıp jawǵanda,
Payda bolar aspanda.
Sonday sulıw kórseńiz,
Aytıp beriń, bilseńiz?

*(Ayqulaq)*

Ǵuw-ǵuwlasıp jan qıynap,
Hasıl gúldi izleydi.
Ǵuw-ǵuwlasıp pal jıynap,
Ayanbastan isleydi.
Palın jaqsı kóresiz,
Onı sizler bilesiz.

*(Hárre)*

## BILMESTEN JEP QOYAMAN

Alıp keldi anası,
Úyge shokolad.
Amanǵa da birazın,
Berdi sol zamat.

Biraq, taǵı soradı,
Toysa da Aman.
Anası der, Amanǵa:
— Tisińe jaman.

— Onda shokoladlardı,
Jasır bir jaqqa.
Bilmesten jep qoyaman.
Tursa shkafta.

## SHÍMSHÍQLAR

Ózlerinshe tillesip,
Juǵır-juǵır sóylesip,
Ne aytısar shımshıqlar?
Ne tartısar shımshıqlar?
Aytıssa da shırıq-shırıq,
Tartıssa da shırıq-shırıq,
Tań atqannan shırıq-shırıq,
Kún batqansha shırıq-shırıq,
Túnde ǵana shımshıqlar,
Shırıldısın tındırar.

## BALALÍQ

Ayaǵımda
Úlken etik.
Tóbeshikke
Keldim jetip.

Tómen qaray
Sırǵanadım,
Tayıp kettim
Domaladım.

Balalar she,
Kúle berdi.
Meniń buǵan
İzam keldi.

Sonda bılay,
Oylap qoydım.
Oynamayman,
Endi toydım.

Sál ótpesten,
Juwırısıp.
Oynap kettim,
Qosılısıp.

## ÚSH QURDAS

Ziyba, Gúlxan, Gúlayım,
Birge júrer udayı.
Biri-birine uqsas,
Úsh tatıw dos, úsh qurdas.

Kúndelikten jaynar bes,
Sabaqlardan keshikpes.
Eger aytsańız jumbaq,
Juwabın tabar sol waqıt.

Ziyba, Gúlxan, Gúlayım,
Minezleri álpayım.
Biri-birine uqsas,
Úsh tatıw dos, úsh qurdas.

## MEN QUSLARDÍ SÚYEMEN

Uya soqtım quslarǵa
Ketpesin tum-tuslarǵa,
Oǵan zıyan bermeymen,
Palapanǵa tiymeymen.

Quslar kelse taǵı da,
Meniń jasıl baǵıma.
Uya soǵıp beremen,
Men quslardı súyemen.

## ANAM ISLER QURÍLÍSTA

Anam isler
Zor jumısta.
Kran aydap
Qurılısta.

Awır-awır
Temir, tastı
Túrli-túrli
Kerek zattı.

Belgilengen
Kerek jerge.
Jetkeredi
Anam demde.

## GÚBELEK

Gúbelegim, gúbelek,
Qanatlarıń jipek pe?
Yaki bağda ashılğan,
Gúlden tikken kóylek pe?

Gúbelegim, gúbelek,
Ushıp ketpe ókpelep,
Sağan zıyan bermeymen,
Qanatıńa tiymeymen.

## ÁLEM, MEKTEP, XOSH BOL, BAQSHAMİZ!

Tárbiyalap ósirgen,
Xosh bol, bala baqshamız!
Endi bizler mektepte,
Oqıp, bilim alamız.

Kitaplardı ádiwlep,
Janımızday súyemiz.
Háriplerdi, esaptı
Házirden-aq bilemiz.

Xosh bol, bala baqshamız!
Minnetdarmız bárhá biz.
Jaqsı oqıp mektepte,
Sağan sadıq bolamız.

## QURİLİSSHİ BOLAMİZ

Qurılısshı bolamız,
Sulıw jaylar quramız.
Jaylar bolar bip-biyik,
Turar kóklerge tiyip.

Sheber, shaqqan, zeyinli,
Aqıllı, keńpeyilli.
Qurılısshı bolamız,
Sulıw jaylar quramız.

## ÚLESTIRIP BEREMEN

Appaq, qızıl, sarı, kók,
Ashılıwda gúllerim.
Gúlzarımdı kóriń kelip,
Biraq ele úzbedim.

Sentyabrde gúllerdiń,
Barlıǵın da teremen.
Doslarıma sıylıqqa,
Úlestirip beremen.

## QUWÍRSHAQ

Quwırshaǵım, quwırshaq,
Kózi sulıw, quwırshaq.
Bantikleriń jarasqan,
Oyınshıqlar qarasqan.

## BIZIŃ ASAN

Erte menen
Ózi turar.
Beti-qolın,
Tisin juwar.

Oyınshıǵın
Taza tutıp.
Kiyimlerin
Kiyer kútip.

Kórgeninde
Külimleydi.
Ókpelewdi
Hesh bilmeydi.

Sonday jaqsı
Biziń Asan.
Raxmet derseń
Kórseń qashan.

## BIZ MEKTEPKE BARAMÍZ

Húrmetleymiz anamızdı,
Húrmetleymiz aǵamızdı.
Kem kórmeymiz biz olardan,
Tárbiyashı apa sizdi.

Bir kún sizdi kórmegende,
Baqshamızǵa kelmegende,
Saǵınısıp júrer edik,
Mine búgin biz úlkeydik.

Ne qálesek, ettiń tayın,
Oynap óstik hár kún sayın.
Ruqsat beriń endi bizge,
Ketpekshimiz biz mektepke!

## WAZÍYPA MEN USHÍN

Esaptı dápterge,
Qátesiz shaǵardım.
Sabaqlardan búgin,
Bir neshe bes aldım.

Mektepten úyimiz,
Kórindi qashıq dım.
Aytıwǵa beslerdi,
Jetkenshe asıqtım.

Bilemen shadlıǵım,
Quwantar úy ishin.
Bárqulla bes alıw —
Wazıypa men ushın.

## KISHKENE AYGÚL

Kishkene Aygúl
Jatıp besikte,
Ján-jaqqa qarap
Jımıyar áste.

Ájapaları
Quwanıp birge,
Dawıs kótermey
Sóyleser úyde.

Aygúl kelgeli
Tejep sózlerin,
Úlkeygendey dım
Sezer ózlerin.

Úlkeni Gúlzar
Bes alar bárha,
Kishkentay Shınar
Barar baqshaǵa.

Ájapaları
Sıypap shashınan,
Uyqılasa da ol
Ketpes qasınan.

Buǵan túsinip,
Aygúl kúledi,
Shadlıq, quwanısh
Úlestiredi.

Kúnnen-kúnge Aygúl
Úlkeyip keler,
Házirinshe ol
Otırıp biler.

Oyınshıqların
Uslay aladı,
Qasınan ketseń
Jılap qaladı.

Anasın kórse
Toqtap jılawdan,
Qıyquwlap Aygúl
Talpınar oǵan.

Aǵası kelse
Jumıstan keshte.
Kel dep «Juldızım»
Kóterer qızın.

Sharshaǵanı da
Shıǵıp ketedi,
Aygúldi kórip
Kewli pitedi.

Kishkene Aygúl
Bolsa da kishi,
Hámmege shadlıq
Úlestiriwshi.

## IYNE, SABAQ

Iyne, sabaq
Birge islep,
Tikti kóylek
Tikti sádep.

Usılayınsha
Ótti waqıt.
Biraq iyne
Jánjel tawıp.

— Dedi ózim
Kóp bilemen.
Kiyimlerdi
Men tigemen.

Sabaq sonda
Oyğa taldı.
Islemesten
Jolda qaldı.

Jalğız iyne
Tige berdi.
Biraq sirá
Is pitpedi.

Sonnan berli
Sabaq penen.
Iyne mudam
Birge júrgen.

## JÚRDI ÚKEM

Quwanıp ol
Doslarına,
Deydi Gúlzar
Qızıq tıńlań:

— Meniń úkem
Táy-táy turdı.
Adım atıp
Ózi júrdi.

Birinshi ret
Júrdi úkem.
Esik betten
Tórge shekem.

## ÚSH DÁPTER

Shığıw kerek juwabı
Segiz emes, bes dápter.
Mende bolsa bárqulla,
Artıp keter úsh dápter.

Qayta-qayta isledim,
Hesh juwabı shıqpadı.
Jıynastırdım barlıǵın,
Ashıwımdı qıstadı.

Áyne usı waqtında,
Qarındasım Qallıxan.
— Maǵan ber, der — ájaǵa,
Úsh dápterdi awısqan.

Ashıw tarqap ketti de,
Kúldim onıń gápinen.
Bir neshe ret esaptı,
Kórip shıqtım jáne men.

Kemdi artıq dep oylap,
Aljasıppan sebebi.
Solay etip tabıldı,
Úsh dápterdiń deregi.

## NE USHÍN TELEFON BÁNT?

Bilesiz geyde,
Zárúr is shıǵar.
Usınday waqta,
Telefon dárkar.

Oylarsız sizler,
Buzılıp qalǵan.
Yaki sımlar,
Úzilip qalǵan.

Joq olay emes,
Basqasha jaǵday
Jayǵasıp Aman.
Sóyler asıqpay.

Kóshikke pıshıq,
Almastırǵanın.
Balalardı qalay,
Dawlastırǵanın.

Qullası onıń,
Awzı tınbaydı.
Basqanıń qımbat,
Waqtın urlaydı.

Túsinip Aman,
Barlıq qátesin.
Oylanıp kórip.
Tezden dúzesin.

## ATA-ANALARǴA

Óstirgensiz álpeshlep,
Perzentim dep bizlerdi.
Teńewińizdi tappadıq,
Ata-ana sizlerdiń.

Tayar turǵan hár iske,
Watan ushın pidayı,
Qarızdarmız sizlerge,
Ómir boyı udayı.

## USHÍP KELIŃ TEZIREK...

Ushıp keliń tezirek...
Sizler báhár elshisi.
Ashıp qoydım aynamdı,
Báriń, úlken, kishisin.

Jıldaǵıday bıyıl da,
Uya saldıń áywanǵa.
Qáwip-qátersiz ósedi,
Palapanıń bul manda.

Sırımlarǵa da qarayman,
Sizler qonıp otırǵan.
Qarlıǵashım alıp kel,
Báhárimdi saǵınǵan.

## KEMPIR APAM EKEWIMIZ

Jibersin dep aǵamlar,
Jibersin dep apamlar,
Bildirmesten heshkimge,
Ótip tórgi bólmege,
Awırǵanday bir jerim.
Joǵaldı dep ishteyim,
Awqatımdı jemesten,
Multfilmdi kórmesten,
Jatıp aldım oranıp,
Divanda men buralıp.
Apam keldi qasıma,
Aǵam keldi asıǵa.
Gezeklesip ekewi,
Birinen soń birewi,
Uslap kórip basımdı,
Gradusnik usındı.
Aǵam sút hám qaymaqtı,
Apam pisken tamaqtı,

Jaqınlatıp qasıma,
«Je» dep tuttı awzıma.
Ózimdi men usladım,
Jemey zorǵa shıdadım.
Sonda qapı ashıldı,
Appaq jipek sharshılı,
Kempir apam keldi de,
Kózlerimnen súydi de,
Dedi: — Balam, ketemiz,
Dúzelgen soń ekewimiz.
Ruqsat berdi aǵań da,
Barsın, dedi apań da.
Ushıp turıp ornımnan,
Qushaqladım moynınan.
Hám de dedim ókpelep,
Bilgenimde erterek,
Multfilmdi kórmesten,
Jatpas edim búytip men.
Qanday jaqsı awılǵa,
Endi bizler baramız.
Kempir apam ekewimiz,
Awılda kóp bolamız.

## ANA SÚTI

*(Ertek)*

Burınǵı ótken zamanda,
Xorezm degen tamanda,
Bolǵan eken bir ana.
Jasap ótken márdana,

Kóziniń aq-qarası,
Bolıptı jalǵız balası,
Álpeshlep onı jasınan,
Aylanıp kóz-qasınan,
Márt bolsın dep ataqlı,
Atın Aman ataptı.
Erjetken soń úlkeyip,
Kúsh-quwatı nıǵayıp,
Aman pulǵa qunıǵıp,
Mal-dáwletke urınıp,
Umıtıptı anasın,
Aq sút bergen panasın.
Sol ushın da keketip,
Aman atın ózgertip,
Taǵıp aptı laqabtı,
Adamlar Jaman ataptı.
Amandı tanıp kórgenler,
Anasın jaqsı bilgenler,
Bárha jolın kesipti,
Hám de bılay desipti:
— Túri-túsiń kelisken,
Áneydey-aq jigitseń,
Aq sút bergen anańdı,
Álpeshlegen panańdı,
Nege barıp kórmeyseń?
Hátte, sálem bermeyseń?
Seniń ushın ol adam,
Kúni-túni tınbaǵan.
Seniń ushın ol mudam,

Qıyınlıqqa shıdaǵan,
Bir jaǵınan ǵarrılıq,
Bir jaǵınan joqshılıq,
Onı ábden qıynadı.
Sonda da ol shıdadı.
Seniń dártiń ózgeshe,
Tań atqannan keshkeshe,
Kim ótse de úńiler,
Jollarıńa telmirer,
Aq sútin onıń aqla, sen!
Ǵárip kewlin shadla, sen!
Usılay ayta beripti,
Gáp penen ata beripti.
Sonda Aman oylanıp,
Bası ǵır-ǵır aylanıp,
Atlanıp tez asıǵa,
Hám jetipti qazıǵa.
Anasına qarızın,
Hám perzentilik parızın,
Tóleyjaǵın pul menen,
Túsindirip aytıptı.
Qazı gúńdey qatıptı,
Esitpegen burında,
Qazıǵa da qıyında,
Qazı uzaq oyladı.
Biraq, sheshe almadı.
Sonlıqtan ol xalıqtı,
Keńesiwge shaqırıptı.
Perzent nadan bolǵan soń,
Jurt jıyılıp kelgen soń,
Jetsin dep bul káraǵa,

Xabarladı anaǵa.
Ana hayran bul iske,
Jaǵımsız bul kóriniske,
Qazı oǵan jaqınlap,
Qulaǵına sıbırlap,
Kórsetip kóp teńgeni,
Altın, gúmis, zerlerdi,
Depti: — Hayran bolmańız,
Sebepshisi balańız.
Aq sútińdi aqlayjaq,
Hám qarızsız jasayjaq,
Soytip sizden qullası,
Qutılmaqshı rası.
Ana shúmip qayǵıǵa,
Kewli shógip uwayımǵa,
Bar dińkesi qurıdı.
Perzentinen suwıdı.
Aq sútine ılayıq.
Ne sorar dep xalayıq.
Qarap turdı ser salıp,
Hámme dıqqat awdarıp,
Ana zattan almadı.
Hátte, názer salmadı.
Ayttı sóz ol bir neshshe,
Hám usınıp bir kese:
— Toltırıp kel usıǵan,
Ana sútin sen maǵan,
Bul gáplerdi tastıyıqlap,
Hámme dedi: — Durıs, gáp,

Jıynalǵanlar taǵı da,
Bılay dedi qazıǵa:
— Ana sútin bir kese,
Aman tawıp kelmese,
Qutılmasın jazasız,
Onı darǵa asasız.

* * *

Aman buǵan quwanıp,
Keseni tez qolǵa alıp,
Kewli tolıp shadlıqqa,
Boldı ráwana jolǵa,
Uzaq jollar júrdi ol.
Júdá sharshap búldi ol,
Qarań Aman baxtına,
Shańqay tústiń waqtında,
Perzentine súysinip,
Erkeletip, kúldirip,
Balasın basıp bawırına,
Kókirek salıp awzına,
Otır eken sayada,
Emiziwli bir ana.
Miynet etip, jan qıynap,
Ógiz qosıp, jer aydap,
Tal artında eri de,
Júrgen eken jerinde,
Kóriwden-aq shańıraqtı,
Aman dárhal ańlaptı.
Erli-zayıp ekewin,
Hasılı diyqan ekenin.

Sorap súttiń keregin,
Hám de aytıp sebebin,
Jalbıraqlar ol anaǵa,
Depti: — Bunsha qıynalma
Iye bolıp dáwletke,
Hinji-marjan ziynetke.
Jaqsılanar jaǵdayıń,
Bolar ózińniń jayıń.
Orınlasań pármanım,
Bári bolar tap-tayın.
Pármanım sol kóksińnen,
Jalǵız kese sút berseń?
Uzatıptı keseni,
Oylamay hesh nárseni.
«Kórmesin dep kózlerim,
Qurısın dep sózleriń» —
Ana onı quwıptı.
Eri de juwırıptı,
Amandı ol quwalap,
Tutıp alıp sabalap,
Hesh kelmestey etipti.
Aman qashıp ketipti.
Keseni tıǵıp qoynına,
Tas mingendey moynına,
Zorǵa basıp ayaqtı,
Aman bılay oylaptı:
«Balıqshıǵa usınnan,
Altınımdı usınsam,
Joqshılıqtan qıynalıp,
Jarlı pulǵa quwanıp,

Qıyıp perzent ırısqınan,
Sút berer dep kóksinen.
Ilashıqtı usı waqta,
Kózi shalıp uzaqtan,
Tuwrı kete beripti.
Oǵan jetip kelipti.
Sorasıp densawlıqtı,
Aman kirip barıptı,
Hesh nárse joq úyinde,
Kútá tómen kúyi de,
Aman kórip awhalın,
Aytıp kewlinde barın,
Túwespey-aq gáplerin,
Túsinisip dártlerin,
Balıqshılar Amandı,
Ayamastan sabadı.

* * *

Isi júrispegen soń,
Talap kelispegen soń,
Qaramastan ońlı-sol,
Shopanlarǵa tarttı jol.
Bilip pe is ońbasın.
Sirá kese tolmasın.
Ashıwlanıp zirledi.
Biraq, úmit úzbedi.
Bálkim, shopan hayalı,
Kókirek sútin beredi.
Ótip neshshe qumlardı,
Keship talay suwlardı,

Aman shekti aqıret.
Ásirese, usı ret.
Zorǵa jettim degende,
Qosqa kirip kelgende,
Háyyiw aytıp balasın,
Uyqılatar eken anası.
Qabıllań dep qonaqtı,
Aman biraz sayraptı,
Amanlasıp bolǵanı,
Kese menen oljanı,
Shıǵarıptı ortaǵa,
Tigilip pul qaltaǵa,
Aman ábden tabınıp,
Bılay depti jalınıp:
— Alıń da pul qaltanı,
Ishi tolǵan tillanı,
Haqısına bir kese,
Sút berseńiz bolǵanı!
Shopan hayalı bozarıp,
Reńki qashıp aǵarıp,
Bılayınsha baqırdı,
Hám erin de shaqırdı:
— Ne dep tursań jaramas,
Barlıǵınan artıqmash,
Shadlıǵımız, panamız,
Biziń ushın balamız.
Sonda onıń ırısqınan,
Qalayınsha satamız.
Jolıqqanday bir dártke,
Shopan minip ǵázepke,

Óshir qarańdı dep tez,
Qaytıp kórinbe dep hesh,
Kese menen qaltanı,
Ílaqtırıp tasladı.
Kese sınıp shil-parshın,
Shashılıptı kóp altın.

* * *

Qurı qol hesh nársesiz,
Hátteki, ol kesesiz,
Kirip keldi eline,
Tuwıp ósken jerine.
Jıyılıptı xalayıq,
Ne bolǵanın tıńlayıq,
Xalqı menen keńesip,
Aqsaqallar sóylesip,
Shólistanǵa Amandı,
Uyǵarıptı aydawdı.
Bilgendey bul waqıtta,
Demi qısıp haplıǵa,
Ana jetip keledi.
Jılap páriyad shegedi,
Arzın bayan etip ol,
— Ey, jaqsılar! depti ol,
Sizler jaqsı bilesiz,
Mudam kórip kelesiz.
Altın, gúmis teńgege,
Ana súti tabılmas,
Hesh qayerde, hesh jerde,
Ana súti satılmas,
Payda bolar perzentke,

Ǵamxor ana kóksinde,
Ol — miyrimniń bulaǵı,
Jer jáhánniń shıraǵı.
Bálkim, isengen shıǵar,
Bálkim, túsingen shıǵar.
Perzentimnen ayrılıw,
Qanatımnan qayrılıw,
Maǵan da ańsat emes,
Basqa zat dárkar emes.
Onı sırttan bolsa da,
Meyli, jaman bolsa da,
Esitip amanlıǵın,
Bilip júrsem sawlıǵın,
Usı maǵan keregi.
Hám sizlerden tilegim!
Tólemesin hesh nárse,
Kerek emes berse de.
Aq sútimniń tólewin,
Ballarına tólesin,
Biraqá etken isleri,
Hesh aldına kelmesin.

* * *

Bul waqıya burında,
Rastan da bolıptı.
Kempir apam anası,
Kózi menen kóripti.
Oqıp kórip onı siz,
Ertek dersiz álbette.
Sebebi, ol Amanlar,
Ushıraspas bul jámiyette.

ALTÍNGÚL ÓTENIYAZOVA

# MIYRIGÚL

## MIYRIGÚL

Biziń apamnıń aytıwınsha hárbir adamnıń atı ó
say boladı eken. Rasında da, bul nárse durı
Mısalı, biziń klasta Tazagúl tap-taza bolıp júr
táwir kóredi. Ústi-basın, partasın, hátteki úy
átirapın dárwazasınıń sırtına shekem tap-taza
qoyadı. Almagúl bolsa almanı jaqsı kóredi. Áji
qosıq oqıǵandı, onı namaǵa salıp aytqandı táwir kó
Maman kim haq, kim nahaq ekenligin ayırıp.
aytıp otıradı.

Al endi, Miyrigúl bolsa hámmege miyr
hámmege tek ǵana jaqsılıqtı baǵıshlaǵısı keledi.

Bir kúni tánepiste Qalbay menen Sabır uslap al
kepterin ákelip klastaǵı shkafqa salıp qoydı.
kórgen Miyrigúl:

— Bosatıp jiberiń-se! Ne qılasız biysharanı qıy
Ólip qaladı ǵo! — dedi qıynalıp, ótinish penen

— Yaq, bosatpaymız! — dedi oǵan Sabır. — Bi
sabaq tamam bolǵan soń operaciya etip, kepte
ishki qurılısın tekserip kórmekshimiz.

Miyrigúl shorshıp ketti. Ol ózi-aq barıp kept
bosatpaqshı bolǵanda klasqa muǵallim kirip k
sabaq baslanıp ketti.

Miyrigúl kózlerin shkafqa qadadı. Kózleri dóń
kepter tıpırshılap, jan-jaqqa urınıp shıǵarǵa esik

— Miyrigúl ayanısh sezimlerine shıdamay jılap jiberdi.

— Ne boldı Miyrigúl? Bir jeriń awırıp tur ma? — Muǵallim óksigin basa almay jılap atırǵan Miyrigúldi kórip albırap qaldı.

— Analar... soyajaq...

Miyrigúl óksigin basa almas, kewlindegi gáplerin anıq túsindire almas edi. Partalas dostısı Gúljan ... turıp bolǵan waqıyanı túsindirip bergende muǵallim kúlip jiberdi.

— Tek sol ma? Aynalayın-aw, atıń da óziń say ... Qoy, onıń ushın jılama! Házir kepterdi ushıramız. Qáne, Qalbay, Sabır, kepterdi tez bosatıp ushırıp jiberiń!

Qalbay ornınan turdı da:

— Muǵallim, Miyrigúldiń jılaytuǵının bilip, oynap júrip edik ǵo. Ol meniń asırandı kepterim, qolǵa úyrengen, — dedi de shkaftaǵı kepterdi alıp ashıq aynadan shıǵarıp, ushırıp jiberdi. Miyrigúl kóz jasın súrtip, ol hawada sharq urıp, ushıp baratırǵan kepterdiń izinen quwanıshlı túrde kúlimlep qarap, ...l dem aldı.

## HAYWANLARǴA DA ǴAMXORLÍQ KEREK

Mańıraǵan eshki dawısı tınıq hawada tal-tal esitildi. Izeykeshtiń boyın jaǵalap kiyatırǵan Maqset dawıstıń qay tárepten shıǵıp atırǵanın anıqlamaqshı bolıp biraz qulaq túrip turdı. Samal oń tárepinen

esip tur. Izeykeshtiń ultanında shoq jıńǵıllıq edi. Anıqlap qarasa, dawıs sol jerden shıǵıp Maqset sol tárepke jaqınlay bergeni, eki izeykeshtiń jiyegine sekirip oynap shıqtı. Azǵ mańırap turdı da, jáne jıńǵıl túbine qaray shapqı Ultanı uyma bolǵanlıqtan jıńǵıldıń tasasında bir e batpaqqa batqan eken. Maqset hesh oylanıp turma eshkini kóp hálekleniwshilik penen uymadan shıǵa awılǵa qarap aydap jiberdi. Eki ılaq Maqs «raxmet!» degendey qarap turdı da, anası átirapında shapqılasıp baratır.

Maqset endi ılay bolǵan kiyimlerin ózgertiwi k Ol sabaqqa keshikken edi. Biraq, óz isine kewli bul ushın qapalanbadı. Álbette, muǵallimi Qızl apaǵa bolǵan waqıyanı túsindirip aytsa urıspa Aqırı, ustazınıń ózi aytqanday adamǵa da, hayw da tiyisli bolǵan jerinde ǵamxorlıq etiw kerek

## AǴAMNAN ÚYRENDIM

— Men quslardıń tilin bilemen, — dedi P dostı Jeńisbay menen oynap otırıp.

— Qalayınsha, quslar da sóyley ala ma?

— Awa, anań qara, mına shımshıqlar kúni m tınısh ǵana otır edi, endi qattı juǵırlasıp k Dawısı da táshwishli. Demek, olar qáwipli bir n kórip tur.

— Yaǵ-áy?!

— Awa!

Hasında da, shımshıqlar bir topar bolıp, hár jerge uslıp-qonıp, shır-pırı shıqtı da qaldı. Polat olar ıdlap aylanshıqlay bergen jerge qarap juwırıp ketti. Onıń juwırǵan Jeńisbay tań qalarlıq waqıyanıń gúwası boldı. Aytqanınday-aq, shımshıqtıń uyası tárepke bir ken jılan jaqınlap kelmekte edi. Endi Polat penen bile úyge qarap juwırdı.

— Aǵa, aǵa, ana jerde shımshıqtıń uyasınıń qasında jılan bar!

— Qáne?

Aǵası asıqpay uyanıń qasına jetip keldi de, ıratılıp jatırǵan jılannıń basınan aǵash penen ıp uslap alısqa aparıp tasladı.

— Sen shımshıqlardıń qorqıp turǵanın qalay bileseń? — dep tańlanıp soradı Jeńisbay Polattan.

— Men bulardıń bárin aǵamnan úyrendim! — dedi Polat mardıyıp.

## MENIŃ QOSÍǴÍM

Bul waqıya erterekte bolǵan edi.

— Endigi úyge tapsırma «Tayınshaq» qosıǵın yadlap keliw, — dedi birinshi klastıń muǵallimi q ótip atırıp. — Balalar, sizler úy haywanlarınıń i attı, onıń tayınshaǵın jaqsı bilesizler, awılǵa barǵanıńızda kórip te júrsiz. Ele úlkeyińkirep ǵan soń oǵan minip shabandozlıq etesizler, bizlerdiń babalarımız ushın at birden-bir kólik bolǵan. Onıń tayınshaǵı suliw, oyınshıl boladı. Mine, erteń yadlap kelatuǵın qosıǵıńız sol tayınshaq haqqında.

Tay, tay, tay eken,
Otlaǵanı say eken,
Mańlaydaǵı qasqası,
Aynımaǵan ay eken.

— Múmkin be? — dep qolın kóterip muǵallim gápin bóldi birinshi partada otırǵan Gúlayım.

— Ne aytpaqshı ediń? — muǵallim ruqsat et

— Muǵallim, bul menin kitabımda bar, me qosıgım ǵoy, yadtan bilemen. Aytsam múmk be?

— Ayta ǵoy.

Taylar ele jas eken,
Boyları da pás eken.

Gúlayım qosıqtı dawamlap ketti.

— Júdá jaqsı, balalar, kórdińiz be, sizler e yadlayjaq bolsańız, Gúlayım álleqashan-aq yad alıptı. Gúlayım kitabıńnıń atı qanday?

— Úshpelek.

— Kim ákelip berdi?

— Ájaǵam.

— Gúlayım, bileseń be, usı qosıqtı kim jazǵa

Muǵallim sın kózleri menen oǵan qaradı.

— Shayır jazǵan.

— Qaysı shayır?

— ...

Gúlayım úndemey tómen qaradı. Muǵallim j soradı:

— «Úshpelek» qaysı shayırdıń kitabı? «Tayınsh kimniń qosıǵı?

— Meniń qosıǵım, meniń kitabım!
— Haw...
Klasta kúlki kóterildi.
— Ras, men onıń ishindegi barlıq qosıqlardı yadlaǵanman!
Gúlayım hámmeni sózine isendirgisi keldi. Muǵallim balalardı tınıshlandırdı.
— Durıs, ol seniń kitabıń. Ájaǵań dúkannan sawǵa etip satıp ápergen. Yadlaǵan qosıqlarıń da ózińdiki. Biraq, ol qosıqlardı Shawdırbay Seytov degen shayır aǵańız jazıp, jıynap, kitap etip, bastırıp sizlerge bergen. Endi yadlap aytıp júrseniz, sizlerdiki boladı.
Balalar bir nárseni túsingendey, aldındaǵı kitaplarǵa úńilip, tınıshlanıp qaldı. Biraq, olar elege shekem «Tayınshaq»tı Gúlayımnıń qosıǵı dep eske aladı.

## TÚSIRSHEŃ GÁWHAR

Gáwhar — úydiń eń genjesi. Endi ǵana bes jasqa qádem qoydı. Soǵan qaramastan ol ózinen úlken ájaǵa hám ájapaları bolǵan Miyrigúl, Ayparsha, Asamatdin, Islam, Ázım, Marjanlar menen birdey uyqılaydı, birdey awqatlanadı, kino yaki multfilm kórse solar menen birdey túsirlenedi. Aǵası menen apası Gáwhardıń bul qılıqların qızıǵa qadaǵalaydı, geyde onıń kip-kishkene bolıp úlken adamday aqıllı sóylegenine hayran bolıp, «Jaman kózlerden, tillerden saqlaǵay» — dep qoyadı. Gáwhardıń úyiniń ishi menen multfilmlerdi unatadı.

Búgin de ádettegishe «kishkene arıslan Simba» haqqındağı multfilmniń náwbettegi seriyası berilip atır edi. Hámme jım-jırt bolıp Simbanıń basınan keshirgenlerin tamashalap otır. Kishkene Simba balalıqtıń biyǵam shadlıqları menen úlken ómirdiń awır táshwishlerine jolıqqanın sezbey de qaldı. Áne, onıń baxıtlı turmısı ushın, onıń keleshegi ushın gúresemen dep ákesi tawdan qulap tústi. Hámme onıń multfilm ekenligin umıtıp, kishkene Simbanıń ákesiz jetim bolıp qalatuǵınlıǵına qıynalısıp qaldı.

Tıp-tınısh ǵana televizorǵa qarap otırǵan Gáwhar ıshqırıp jılap jiberdi. Geyde televizorǵa qosılıp sóylep berse, yamasa aldına sıǵa berse, Ayparshanıń onı shımshıp jılatatuǵın ádeti bar edi. Hámme Ayparshaǵa sorawlı názer menen qaradı:

— Ne qıldıń?

— Hesh nárse qılmadım. Ózinen-ózi jılap jiberdi.

Endi hámme kishkene Gáwhardı jubatıwǵa kiristi. Apası onı aldarqatıp shokolad ákelip berdi.

— Má, jey ǵoy, appaq qızım, ay qızım!

Gáwhar solıǵın basa almay sóyledi:

— Jemeymen! Báribir Simbanıń ákesi tirilmeydi.

Televizor kórip otırǵanlardıń hámmesi kúlip jiberdi.

— Haw, balam-aw! — dedi aǵası kúlkisin tıya almay, — Ol multfilm ǵoy, qurı súwret. Óziniń ákeń qasıńda ma, boldı emes pe?

Gáwhar kópke shekem multfilmniń tásirinde júrdi.

# QAMAQ

Balalar sizler qamaq haqqında bilesiz be? Yaq? nda bul sózdiń oǵada qorqınıshlı ekenin túsine maysızlar. Onı tek bastan keshirgenler biledi. ırınları Berdaq kitaplardan oqıp, kinolarda rse de qamaqtıń bunshelli qorqınıshlı bolatuǵının sine bermeydi eken. Berdaq házir eki nárseni lıp aldı. Birinshisi, hesh waqıtta birewlerge jamanlıq pew, urlıq islemew kerek. Ekinshiden, usınday etlerden awlaq bolıp, tutqın, qamaq degen nársege atılmaw kerek. Berdaq bunı sál burınlaw inbegenine ókindi. Ol oylamaǵan jerde qamaqqa ati de qaldı.

Bul bılay bolǵan edi: Sol kúni apası menen aǵası las qurdasınıń úyine qonaqqa baratuǵın bolıp, özi qorqıp júrer dep Berdaqtı da ertip ketti. Ol yde de Berdaq penen oqıytuǵın Quwat degen lası bar. Maqtanshaq Quwattıń jolı bolıp qaldı.

— Mınaǵan qara, biziń papamnıń elektronika saatı bar, — dep tırjıydı Quwat.

anda da, bul ájayıp saat eken. Waqıt qansha lǵanın sekundlarına shekem kórsetip qoymay, nniń qaysı sánesi ekenin, hawa rayı neshe gradus enligin kórsetip turadı. Jáne onnan esitiletuǵın namanıń jaǵımlısın aytpaysań ba?! Saat Berdaqtıń yalınan ketpey-aq qoydı.

Qaytarǵa taman sırtqa shıǵıp baratırıp poldıń tinde jatırǵan saatqa kózi túsken Berdaq heshkim

joqlıǵınan paydalanıp onı urman-purman qaltası tıqtı. Saattı Quwat umıt qaldırǵan edi. «Al, en maqtana qoysın!» dep oyladı Berdaq Quwatqa pá bergen adamday.

Túni menen saattı qay jerge jasırarın bilm albıraǵan Berdaq erteńine klasqa keliwden parta dostı Jandosqa saattı sawǵa etti. Jandos qattı quwa qaldı.

Biraq, bul sawǵa Jandostıń anasın tańland tasladı. Házir ǵana qońsılas qurdasınıń zer-zebil bol izlep júrgen saatı edi. Bul saat dárhal iyesine jetker de sır ashılıp qaldı. Bul xabar qulaǵına jetiw Berdaqtıń aǵası onı sorawǵa tuttı. Berdaq hesh ná de aytpadı. Tawıp alǵanın aytıp aqlanbadı. Qoń qobalardıń gáp sózinen qısınǵan aǵası onı tawıq qora qamap, sırtınan qulıplap tasladı.

— «Urlıqtıń túbi qorlıq» degen, — dedi aǵa Berdaqqa qulıplap atırıp, — maǵan urlıq isleytu bala kerek emes!

Mine, endi oqıwdan kelip awqatlanıp bolǵa qamaqta jatır. Keshki awqattıń da waqtı ótińki baratır. Ash ta boldı. Sırttaǵı oynap júrgen dosları tawıq qoranıń qapısınan sıǵalap, qızıǵıp qarap tu «Al, endi kún batıp, qarańǵı túsip kiyatır ǵoy, tún ne qılaman?!». Bir túrli qorqınıshlı oylar Berda qorshap aldı. «Házir apam menen aǵam meni umıt uyqılap qalsa, bir ózim tas qarańǵıda qalsam?!»

Balalar da oyınlardan sharshap, úylerine ki Suwǵa kelgen eki qız da sheleklerin toltırıp ketiw

...villesti. Berdaqtıń kózine hárbir nárse ertektegi ...a dáwdey kólenkeli bolıp kórine berdi.

— Apa-a-a! Bir ózim qaldım ǵoy!

Berdaq qorıqqanınan qattı dawıslap jılap jiberdi. Átirapta adam bende kórinbeydi. Arasında ǵana ... nárseler tısırlasa Berdaqtıń júregi jarılıp kete ...laydı.

Qorqınıshtan hám ashlıqtan, ókinishten boldırǵan Berdaqtı aǵası jáne bir saattan soń qamaqtan ...attı.

— Áne! Urlıq islegenler usınday qamaqta jazasın ...ladı. Túsindiń be? — dedi ákesi onı shıǵarıp atırıp. — Ekinshi ret qaytalaytuǵın bolsań, heshkimnen ...lıq kútpe!

Solay bolatuǵının Berdaqtıń ózi de bes saatlıq qamaqta túsinip alǵan edi.

## FONARIK

Ramazan ayınıń ishi edi. «Búgingi tún qádir túni ...en!» — dep jumıstan jańalıq tawıp keldi balalarımnıń ...ası.

— Qádir túni degen ne? — dep soradı kishkene ... jasar balam Baqbergen qızıǵıp.

— Qádir túni Qıdır ata miyman bolıp keletuǵın ..., «Tile tilegińdi» — deydi. Sen jaqsı tilek aytasań, ... etedi hám jetkeredi, — dep túsindirgen boldıq.

— Sonda qálegen nársemizdi bere me? — dedi ol ...lıq sadalıq penen.

— Awa, beredi!

Sóylip, otırsaq qońsımız Tájen ağa hayalı Qazna apa menen birge úyge kirip keldi. Sóylesip otırdı

— Ájağa, sen Qıdır atadan ne soraysań? — dedi soradı Baqbergen ózinen úsh jas úlke Ájiniyazdan.

Miymanlar bul sorawğa hayran qaldı. Men ald úyde sonday sóz bolğanın, náreste ele soğan hayra bolıp otırğanın túsindirdim.

— Men be, qáydem kóremiz. Ne sorasam eken? dedi Ájiniyaz.

Tájen ağa menen Qazna apa tili shúldirlep tur da qattı oylanıp otırğan nárestení qızıq kórip:

— Baqbergen, óziń ne sorayjaqsań? — dedi kúli

— Men fonarik sorayman. Mağan fonarik kerek — dedi ol nıqlap.

— Yaqshı, Qıdır atanı kórsek bizler de ayta — dedi olar kúlip.

Azdan soń olar úyine qayttı.

Endi uyqılayıq dep atırsaq, qolında úlke temirjolshılardıń fonarigi, Tájen ağa menen Qazna apa jáne kelip tur!

— Mine, Baqbergen! Sağan Qıdır ata berip jiberdi Sondağı balamnıń quwanğanın aytpaysız ba?! Sonna berli nárestem ne nárseni shın júrekten tilese Alla taalanıń qúdireti menen erise alatuğını isenedi.

## JETI KÚSHIK

Birinshi klasta eń boyı kishkene Baxtiyardı hámme qızıq kóredi.

Ózi de dım súykimli. Muǵallim de onı taxtaǵa shaqırsa, eń ápiwayı, eń qolay sorawlar beredi, qanındırmawǵa háreket etedi. Búgin de matematika sabaǵında sonday qızıq boldı. Baxtiyardı taxtaǵa shaqırǵan muǵallim ádettegishe ańsat soraw berdi:

— Baxtiyar, mısalı seniń tórt kúshigiń bar edi, men saǵan jáne eki kúshik berdim, neshew boladı?

Baxtiyar kirpiklerin qıpılıqlatıp azǵana oylanıp turdı da:

— Jeti kúshik, — dep juwap berdi.

Muǵallim dáslep ashıwlanbadı. Barmaqların búgip túsindire basladı. Jáne jeti kúshik degen juwap aldı. Úsh ret qaytalaǵan soń muǵallimniń ashıwı keleyin dedi:

— Ne jetew?! Jeti kúshik degen ne? Sonı da bilmeyseń be?

Tómen qarap turǵan Baxtiyar basın kóterip muǵallimge qaradı...

— Keshirersiz, muǵallimń, úyde jáne bir kúshigim bar edi ǵo!

## BOYÍŃÍZ ELE ÓSE ME?

Altı jasar Oralxannıń anası qızınıń óz qatarlarınan páslew boyına, arıq, názik qol-ayaqlarına qarap turıp biraz qıynaladı:

«Qashan menin qızım etke shıǵadı eken? Dım ishte joq-tá, sonıń bálesi shıǵar, doktorǵa kórsetsem be eken?».

Búgin de Oralxan unatqan awqattı pisirgen, stolǵa tarelkalardı ákelip qoyıp atırǵan ananıń qıyalınan jáne usı oylar ótti.

— Keliń, qáne awqat jeymiz!

— Jemeymen! — dedi Oralxan jáne ınjıqlıq etip.

— Nege jemeyseń? Mazalı awqat, jeseń kúshli bolasań, boyıń ósedi.

Anasınıń kúndegi gápine úyrenip qalǵan Oralxan quwırshaǵı menen oynap otırıp:

— Apa siziń boyıńız she, ele óse me? — dep sorap qaldı.

— Haw, yaǵ-aw, bizler endi ósip boldıq ǵoy, balam! — dedi kúlip anası.

Oralxan quwırshaǵın taslay sala awqattıń qasına jaqınlap hayran bolıp soradı:

— Apa, onda nege siz kóp awqat jeysiz?

## TAYAǴÍŃÍZ NESHE JASTA?

Aqlıqları menen terektiń sayasında dem alıp otırǵan Seytmurat ananıń jaqınlap kele bergen tawıqlarına qarap siltegen hasası alısıraqqa ushıp ketti.

Kósheden ótip baratırǵan Bayramǵa ol tayaǵın áperip jiberiwin ótindi.

Bayram 3-klasqa ótken bolsa da boyı kishkene bala, ádepli, sózge sheber.

Ol jáne hasanı alıp, shańların sıpırıp, Seytmurat ağa sálem berip, ádeplilik kórsetti. Seytmurat ata da Bayramğa qızığıp qaradı:

— Bárekella, baxıtlı bol, balam! Kimniń balasısań?

— Quraldıń.

— Jasıń neshede?

— On ekide.

— Haw, on ekige shıqsań da, boyıń meniń tayağımnan da kishkene eken ğoy! Áste kúlip qoyğan Seytmurat ağanı Bayramnıń sorawı hayran qaldırdı.

— Ata, sonda siziń tayağıńız neshe jasta edi? Seytmurat ata endi qattı kúlip jiberdi.

## IYT JEMEGEN KONFET

— Ájağa, konfet jeyseń be?

Sabaq tayarlap otırğan Taxirge úkesi Dilnaz bir konfetti usındı.

Sırtına «Barbaris» dep jazılğan usınday sorıp jeretuğın konfetti Taxir júdá unatadı.

— Awa, ákel! Raxmet!

Taxir konfetti awzına saldı da, sabaq tayarlawın dawam etti.

Úkesi Dilnaz bolsa, ájağasına hayran bolıp bir maydan qarap qaldı. Al, Taxir Dilnazğa itibar bermey jazıwın dawam etti.

Birazdan soń Dilnaz jáne onıń dıqqatın bóldi:

— Ájağa, konfet mazalımeken?

— Awa, usınday «Barbaristi» jaqsı kóremen. Jáne bar ma, ber!

— Onda nege Qutlıayaq onı jemedi eken-áy?

— Ne?!

— Sol siz jegen konfetti dáslep Qutlıayaqqa berip edim ǵo, awzınan shıǵarıp taslaǵan edi!..

— Ne deyseń?!

Tahir awzın basıwı menen sırtqa juwırdı.

## UYQÍLAP OTÍRǴANÍM JOQ

Ádebiyat sabaǵı edi. Muǵallim ájayıp bir ráwiyat aytıp qaldı:

— Bir kúni miywe japıraqqa maqtanıptı: «Men sonday mazalı dámge iyemen. Adamlar meni jep ráhátlenedi. Sen bolsań, qurı japıraqsań, heshqanday mazalı dámiń joq!». Sonda japıraq miywege:

— «Seniń mazalı dámiń bolǵanı menen, bir túyir pámiń joq eken, sen mazalı miywe bolıp pisemen degenshe xızmetińde bolıp, taza hawa, suw jetkerip turǵanımdı umıtıpsań-dá!» — depti qáhárlenip, — Jaqsılıqtıń qádirin bilmegen aqmaq!

Muǵallimniń kózi partaǵa basın qoyıp uyqılap otırǵan Baxtiyarǵa túsip sózin toqtatıp:

— Baxtiyar! Nege uyqılap otırsań? — dedi oǵan qarap.

Baxtiyar birden basın kóterip, ornınan ushıp turıp, qolların siltep juwap berdi:

— Yaq, yaq, muǵallim! Keshiriń, uyqılap otırǵanım joq, júdá ájayıp ráwiyat eken. Tıńlap otırman. Tek usı dım jaqsı ráwiyat bir qulaǵımnan kirip, bir qulaǵımnan shıǵıp ketpesin, umıtıp qalmayın dep, bir qulaǵımdı basıy-y-ıp otırıppan!

## SHÍBÍN QAYDA, PIL QAYDA?

Tórt jasın toltırǵan Amanbek jabısıp ólip qalǵan shıbınlardı kórip, qaǵazı menen aldı da anasına keldi:

— Apa, shıbınnan pil soǵıp ber!

— Ne deydi?! Shıbınnan da pil soǵılameken, ol ne degeniń, balam-aw?

— Keshe aǵam ayttı ǵoy, sizge, qashan kórseń kirttáy shıbınnan pil jasaysań da júreseń dep...

— Áy, balam-áy. Aǵań ayta beredi. Jumıs-jumıs dep úyge qaramaǵannan keyin bir nárselerdi qapıldırıp aytıp edim ǵoy! Ol múmkin emes, shıbın qayda, pil qayda! Bar, arqayın ballar menen oynay ber, aquday, — dedi apası kúlip.

## SUMLÍǴÍ KELISPEDI

Sabaq baslanayın dep turǵanda Ońǵar qolında úp-úlken, sap-sarı apelsini bar Rawshannıń klasqa kirip ornına otırǵanın kórip qaldı.

Rawshannıń qasındaǵı orınlıq bos eken. Ol dárriw sol orınlıqqa otırdı da:

— Rawshan, nege kesh keldiń? — dep qızdı sózge tarttı.

— Mashinanı kóp kútip qaldım.

— Qolındağı ne? Apelsin be?

Partanıń ústinde turğan apelsindi qolına alğan Ońğardıń ishteyi ashılıp ketti.

— Mağan berse-ya!

Rawshan apelsindi onıń qolınan julıp aldı:

— Hálegim!

Ońğar endi sumlıq oylay basladı:

— He, Rawshan, kel ekewimiz haywanat bağı oyının oynaymız.

— Ol qanday oyın?

— Sen ağań, apań menen haywanat bağın tamasha etiwge kelgen qız bolasań, men sol haywanat bağındağı maymıl bolıp, seni kúldiremen.

— Sóytip...

— Sóytip, sen qolındağı apelsindi mağan beresen

— Pay, óytip ne?!

Rawshan endi apelsindi sumkasına tığıp tasladı. «Sumlığım kelispedi-aw!» — dep Ońğar súmireyip eń keyingi qatardağı óz orınlığına barıp otırdı.

GENJEBAY JÚGINISOV

# TULPAR

## ATAMNÍŃ QUSÍ

*(Gúrriń)*

Kamal atamdı awılda hámme tanıydı. Onıń bizlerge aytqan násiyatları elege deyin yadımızda. Ásirese, oyın-shınnı aralas, aytatuǵın gáplerin aytpaysız ba! Retinde biz balalardı da kúldiretuǵın ádeti bar edi. Bir saparı, awıl balaları menen «Qasharman top» oynap atırǵanımızda ol qasımızǵa kelip:

— Balalarım, biziń eshekti kórmedińiz be? Úydiń qasına baylap qoyıp edim. Qazıǵın suwırıp ketipti. Qayaqlardan izlep kiyatırman, — dedi qıynalǵan túr menen.

Bizler dárhal oyınımızdı qoyıp, Kamal atamızdıń eshegin tabıwǵa járdemlestik.

Ol bárqulla qus salıp, ań awlaytuǵın edi. Ásirese, jiyren atın minip alıp, qolına qarshıǵa qusın qondırıp «Quwanıshjarma» jaqlardan ań awlap kiyatırǵanın talay ret kórgenbiz. Ol jaqlar sol gezleri pıshıq murnı batpaytuǵın toǵaylıq edi.

Bir saparı mına waqıya júz berdi. Bizler menen 3 klasta oqıytuǵın aqlıq balası Saparbay oqıwınan qalıp qoydı. Erteńine muǵallim onnan:

— Saparbay, keshe nege sabaǵıńnan qaldıń? — dep soradı.

— Muǵallim, atam menen toǵayǵa barıp edim, — p juwap berdi ol. Muǵallim endi tejestirip soray basladı.

— Sen toǵayǵa barıp otın shaba alasań ba?

— Yaq.

— Sonda ne islediń?

— Atam menen qus salıwǵa bardım. Klastaǵı balalar úlip jiberdi. Muǵallim:

— Áne balalar, Saparbay jańa shınln ayttı. Hámme uwrı sóylewge ádetleniń, — dedi.

Sol kúnnen baslap barlıq balalar Saparbaydı «Qusshı ala» dep atap ketti.

Onıń Jumabay, Saǵınbay atlı joraları bar. Olar aparbaydıń ana saparǵı muǵallimge aytqan gápinen eyin toǵayǵa barıwǵa háwes boldı. Ásirese, Saparbay oǵayda kórgen qızıqlardan aytıp bergende Saǵınbay oǵayǵa dım barǵısı keldi. Ol atasına joralarınan aǵınbaydıń toǵayǵa barǵısı keletuǵının ayttı. Atası oǵan qarsı bolmadı. Kerisinshe, ishinen quwandı.

— Boladı, balam! Sizlerge qolaylı waqıtta baramız. olmasa bazar kúni.

Saparbay bul xabardı joralarına jetkerdi. Sonnan lar hár hápteniń ekshembi kúniniń keliwin asıǵıslıq enen kútti. Toǵayǵa barıwǵa tayarlana basladı. hembi kúni olar jıynalıp Kamal atanıń qasına keldi.

— Balalarım, toǵay uzaq. Kóp jol júremiz. Óliginizdi sharshap qalmastay dárejede baplań. Jem, uwın beriń, — dedi. Kamal atanıń bul gápinen keyin olar quwanıp úylerine qayttı.

Kamal ata jiyren atı menen, al úsh bala esheklerin minip, azanda toǵayǵa qaray jol aldı. Jollarda qalıń

jiydelikler, iri toranǵıllar, qalıń jıńǵıllar gezlesti. Bunday toǵaydı sirá kórmegen Saparbaydıń joraları tańlanıp kiyatırıptı.

— Ata, bul jerlerde shoshqa, saǵal, túlkiler de bola ma? — dedi Saparbay tosattan.

— Awa, balam, boladı. Olar kúndiz jatıp túnge qaray shıǵadı.

— Ata, bul toǵaylar ósip tura bere me? Bul sorawdı bergen Jumabay edi.

— Balam, toǵay — eldiń kórki. Toǵay bolmasa qırǵawıl, qoyan, saǵal, túlki hám basqa haywanlar da joq boladı. Sol ushın toǵaydı saqlawımız kerek. Aytpaqshı, mına toǵaydı qorǵaytuǵın bajban da bar.

Olar há demey «Quwanıshjarma» kanalı boyına jetip keldi.

— Balalarım, — dedi Kamal ata balalarǵa qarap, — sizler usı jerde kóliklerińizge dem beriń. Onshı uzaqlap ketpeń. Men jaqın jerlerden qoyan, qırǵawıl kórip kelemen.

Aradan biraz waqıt ótti.

Kamal ata qusı menen eki qoyan, bir qırǵawıl uslaptı.

Úyge qayıttıq. Kelgennen keyin Kamal ata Jumabay menen Saǵınbayǵa bir-bir qoyannan berdi.

Olar úylerine quwanıshlı qayttı. Sonnan berli olar Kamal atanıń úyine tez-tez keletuǵın boldı.

Bir kúni Kamal ata balalardı qasına shaqırıp alıp:

— Balalarım, qaysıńız qus salıwǵa qızıǵasız? — dedi.

— Men, — dedi Sağınbay.

— Olay bolsa sağan qustıń palapanın ákelip beremen. Óziń bağasań. Joralarıń sağan járdem beredi, — dep wáde berdi. Bir kúni Kamal ata nawqaslanıp jatıp qalıptı. Úyine Saparbay arqalı balalardı shaqırttı. Olar tez jetip bardı. Sonda Kamal ata balalarğa qarap:

— Balalarım, meniń mazam bolmay, awırıńqırap jatırman. Sol ushın quslarğa qarap jem salıp turıwdı umıtpań, — dedi.

Balalar onıń aytqanın orınlawğa wáde berdi. Kóp uzamay Kamal ata dúnyadan ótti.

Saparbay Kamal atasınıń qusın ushırıp jiberdi. Ol úyrenisken jerine ara-tura ushıp kelip turdı.

* * *

Jaqında jolım túsip «Quwanıshjarma» boyına barıp qaldım. Ol jerde burıngı tábiyat kórinislerin ushırata almadım. Toğaylar qurtılıp, taqır maydan atızlıqqa aylanğan. Burıngı Kamal ataday qus salıp júrgen ańshılarda joq edi...

## TULPARDÍŃ TAĞASÍ

— Keńes, há Keńes!

— Haw, — dep dawıs shıqqan jaqqa barsam ájağam jalğız tur eken.

— Tez úyge júr, apam shaqırıp atır, — dedi ol.

— Jaysha ma?

— Úydiń qasına qos soğamız.

Bizler apamnıń tapsırması menen jumısqa kiri...
kettik. Záńgini alıp, qostıń tóbesine shıqtım d...
ústindegi shóplerdi temir jaba menen tómenge tasl...
basladım. Bir waqıtları qolımdağı jaba temirge tiydi.
Qarasam dóńgelek temir taǵa eken. Usı waqıtları
bayağıda soyılǵan jiyren oyıma tústi.

Ákem úydegi jiyren attı kútá álpeshlep kútetuǵın
edi. Onıń jalların náhán taraq penen taraydı. Hátte
ájaǵam toylarda jiyrendi jarısqa qosıp, talay márte
aldıńǵı orında kelse de, oǵan báribir atqa qarawǵa
ruqsat etpedi. Bizler onı kútiw bılay tursın, ol
baylaǵan jerin tazala dese de quwanıp qalamız.
Hámmemiz onı usınshama jaqsı kóretuǵın edik.

Kútilmegen mına bir waqıya bolmaǵanda, bári
usılay dawam ete berer me edi, kim bilsin?! Sol kúni
aǵamnıń bir jaqqa qıdırıp ketkenin bilgen ájaǵam
jorası Nurlıbay ekewi attı seyisxanadan shıǵarıp alıp,
awıldıń shetindegi toyǵa barmaqshı boldı. Ekewi eki
at penen jolǵa shıqqan.

Qıstıń kúni bolǵannan soń jol qatqalaq. Onıń ústine
shala erip qatqan qar átiraptı muzǵalaq etip taslaǵan.
Jıllı jerden shıqqan jiyren bir silkinip jorǵalap ketedi.
Soń-soń qızǵan at ústindegi adamdı da umıtıp pát
penen shabısqa túsedi. Qorqıp ketken ájaǵam suwlıqtı
barınsha tartıp attı irikpekshi boladı. Biraq, bári
bosqa ketedi. Al, bul waqıtta at muzǵa mingen edi.
Sonnan basın burǵanlıqtan yaki pátli kiyatırǵanlıq-
tan ba, tayıp ketkenin sezbey qaladı.

Jiyrendi úyge ákelgende ayaǵı sınǵan eken. Ol
kúnnen-kúnge aza basladı. Ákem bolsa ózinshe qapa
edi. Ol bir kúni:

— Jiyrendi ózleriñiz kútesizler, — dedi. Jiyrendi ızlerge birinshi isenip tapsırıwı edi. Bálkim, solay ıoların aldınnan bilgen soń kózim kórmesin degeni ılıǵar bul?!

Ákem qıdırıp ketkennen soń jiyren soyıldı. Mine, aradan bir neshe jıl ótse de, jiyrenniń ayaǵına qaǵılǵan taǵası az-maz tat basqanı bolmasa sol turısında tur eken.

Men áste qolıma taǵanı alıp, ózimniń chemodanıma alıp qoydım. Ákeme kórsetkim kelmedi. Aqırı, ol qaynalıwı múmkin.

— Qay jaqqa bardıń? — dedi ájaǵam.

— Suw iship qayttım, — dep oǵan tulpardıń taǵası tuwralı aytqım kelmedi.

## «TIKENEK»TI KIM JÍRTTÍ?

Tánepis payıtı. Mektep dálizinde balalar jıynalıp qalǵan. Olar ayına bir márte shıǵarılatuǵın «Tikenek» diywalı gazetanıń taza sanın kórip atır. Gazetanı oqıwǵa Asqar da asıqtı. Ol da shawqımlasıp atırǵan oqıwshılar qasına keldi.

— Mádenbaydıń súwretiniń turısına qarań? «2» lerdi arqalaptı-aw!!!

— «5» bahasın uyqılaǵanda túsinde kóredi eken!?

— Saparǵúldiń súwretin qalay salǵan?

— Onshama azanda uyqılap qala bermegende ne qıladı?

— Sabaqqa kesh keliwi menen qoymay, sabaqlardan da tómen oqıydı eken?

— Jeńistiń turısına qara, klasımızdıń oqıwshısı ǵoy! Ol 5 «b» klasta. Bizler bolsaq 5 «a» klastanbız.

Bul súwretin ózi de kórmegen shığar?! Onıń klasındağı qızlardıń papkaların almas penen tilip qoymastan, kitapların jırtatuğın da jaman ádeti bar eken?!

— Ásirese, matematikadan esaptı ózi shığarmay basqalardan kóshiretuğının aytpaysań ba?

Asqar balalardıń bul pikirlerin tıńlap, turdı da soń bul jańalıqtı Jeńistiń ózine jetkeriwdi oyladı. Aqırı, olar ekewi bir klasta, bir partada otıradı, tatıw dos. Búgin sabaqqa da kelmey qalıptı. Ol sabaqtın tez pitiwin kútti. Dostına jetiwge asıqtı. Ol úyine jetip kelse, Jeńis nawqaslanıp jatır eken.

— Asqar, seni muğallim jiberdi me?

— Yaq, ózim kiyatırman!

— Ayazlappan, shıpakerge kórindim. Erteń muğallimge de aytarsań. Mağlıwmatnama beredi.

— Jeńis, seni «Tikenek»ke shığarıptı. Sonı aytayın dep kelip edim, — dedi ol ekewi jalğız qalğanda Mádenbay, — Sapargúl degen oqıwshınıń da súwretin shığarıptı.

— Onda ne qılamız? Oylanıp kóreyik. Ásirese, klass basshımız Qızlargúl muğallimge «awırıp atır» dep aytıwdı umıt pa?

— Yaqshı, — dep Asqar úyden shığıp ketti. Jeńis úyinde jatıp ári oylandı, beri oylandı. Aqırı, bir sheshimge kelip, apası menen mektepke barıwdı sheshti.

— Apa, keshte mektepke klastı tazartıwğa men de barayın? — dedi.

— Qoy, balam, kúnde ózim-aq juwıp júrmen ğoy. Óziń bolsań awırıp jatırsań, — dedi.

— Baraman, apa, bir jerde jatqannan sırtqa shığıp samallağan jaqsı. Qalıń kiyinip júremen... Jeńis anası

menen mektepke keldi. Shelek penen suw tasıdı. Qullası, apasına járdem berdi. Suw alıp kiyatırıp diywalı gazetanı bir qatar kózden ótkerdi. Al, taslandı alıp baratırıp bolsa, diywalı gazetadağı óziniń súwretin jırtıp alıp, qolındağı shelegine tasladı. Áne, endi oylağan maqsetin iske asırdı. Erteńine mektepte diywalı gazetanı jırtqan oqıwshını tabıwğa arnalğan jıynalıs boldı. Redkollegiya ağzaları: 7-klass oqıwshıları Jumagúl menen Gúlnazdıń shır-pırı shıqtı. Jeńisten kóriwge ol keshe sabaqta joq. Hámme óz pikirlerin aytıp atır. Jaqında ğana redkollegiya ağzalığına qabıllanğan Júzimgúldiń sózinde jan bar qusağan.

— Gazetanı Jeńistiń ózi jırtqan. Ol keshe keshte apası menen klass ishlerin tazalasıwğa birge kiyatırğanın kórdim. Júzimgúldi hámme maqullağanday boldı. Aradan eki kún ótkennen keyin Jeńis sabaqqa keldi. Onnan Gúlnaz basqasha soradı.

— Jeńis, klaslardı tazalawğa apańa járdemleseseń be?

— Awa, hámme waqıt suwların da ákelisemen, — dedi ol.

— Demek, «Tikenek»ti jırtqan kim ekeni belgili boldı, — dedi Jumagúl oqıwshılarğa. Al, Jeńis moynın ishine tartıp, uyalğanınan burıshtay qızardı. Óytkeni, ol óz sózi menen sağaqtan ilingen edi, dá!!

## «ALA QAWÍN»DÍ KIM ÚZDI?

Ańsatbay jańa tórtin toltırdı. Onıń sóylegen hárbir sózine hámme quwanamız. Kempir apası bolsa onı «meniń balam» dep basqalardan kóbirek jaqsı kóredi. Hátte, oğan jasırıp «iris», «qaraqum»larda jegizedi.

Ol sol ushın kempir apasına júdá erkeleydi. Hár jı kempir apası erteden ekken jambılshadan eń birinsh ret Ańsatbayǵa dámin tarttıradı.

Awılda kempir apasınıń ekken jambılshaları pis atır. Anaw kúni 2-klasta oqıytuǵın ájaǵası úkeler ertip salmada shomılıwǵa ketkende, bólek atızǵa eg qoyǵan «Gúz qawın»ǵa barıptı. Atızdıń páleklen tintip kórgen. Ishinde úlken-úlken ala qawınlardı ekewin úzip salmaǵa domalatqan. Sońınan boyanı arasına aparıp, jasırǵan. Keshte jumıstan kelge ájaǵası Almash, Quwatlarǵa qarap keyiy baslaptı.

— «Gúz qawın»ǵa qaysıńız barǵan?! Ishindegi «al qawın»dı úzip, páleklerin wayranlap taslapsız. Qán kim bardı?

— ...

— Bilmeymiz, barǵan joqpız!

— Onda kim bardı, kim?

— Ańsatbay ma?

— Ańsatbay, sen qawın atızǵa bardıń ba?

— Awa. Jambılsha izlep...

— Qayaqqa apardıń?

— Ana, boyanlıqtıń...

Rasında da, «ala qawın» boyanlıq arasınan alı kelindi. Ol óziniń bul qılıǵına ókinip, qıp-qızıl bolı jılap jiberdi.

## SUR QOYAN

— Aqtırnaq! Aqtırnaq!

Paraxat iytin shaqırıp baqıra basladı. Aqtırna birazdan keyin kanal betten shapqılap shıǵıp quyrıǵı

ılǵanlatıp qasına keldi. Paraxat jep turǵan góshinen ıyttıń aldına bir túyir tasladı. Ol soń Murka atlı pıshıǵın úy ishinen izlestire basladı.

— Pısh-pısh! Pısh-pısh, Murka!

— Bar edi ǵo, balam! Ájaǵań alıp kelgen qoyandı jep atırǵan bolmasın!

— Kóremen...

Paraxat bólmelerdi birim-birim qarap shıqtı. Pıshıǵı kórinbedi. Sonnan keyin ózinen-ózi asıǵıp qoyan qamap qoyǵan bólmege keldi.

— Haw, pıshıq qalay kirgen! Ol ózinshe sóylenip apası betke juwırdı.

— Apa, bar eken! Qoyan ekewi bir jerde. Ekewi sol jerde bola berse de boladı. Bir-birine úyrenisipti.

— Boladı. Waqtında jemin jetkerip turıwdı umıtpasań bolǵanı, — dedi apası.

Bul waqıya bılay bolǵan edi.

Paraxattıń ájaǵası ańshı. Dáslepki qar jawǵan kúni toǵayǵa ańǵa ketti. Aqtırnaq ta izinen qalǵan joq. Óytkeni, onı kishkene waqtınan baslap ańǵa úyretken edi. Murnına hár túrli iyislerdi iyiskeletti. Nátiyjede, ańǵa qushtar boldı. Ol endi úlkeydi. Toǵayǵa erip shıqsa, shópler arasınan qırǵawıllardı ushırsa, qoyanlardı jatqan jerinen úrkitedi. Hátte, ol dáslepki qar jawǵan kúni qoyandı basıp otırdı. Ájaǵası onı jetip kelip uslap, ayaqların jip penen baylap, qaltaǵa saldı. Keshte onı Paraxatqa alıp kelip berdi. Sondaǵı onıń quwanıshın aytpaysız ba?!

Sırtqa shıǵıp Salamat, Polat, Maxmud atlı doslarına qarap:

— Ájaǵam tiri qoyan alıp keldi! Endi onı hár túrli awqatlıq zatlar berip baǵaman! — dep maqtandı. Onıń bul aytqanınan keyin olar da Paraxattıń sur qoyanın kelip kórdi.

Házir sol sur qoyan úlkeydi. Oǵan Paraxat hár kúni geshir, kapusta, jońıshqa, suw berip baǵıp atır.

## QOLÍ SUQ BALA

Erpolat jańa oqıw jılında 3-klasqa bardı. Sabaqtan úlgeriwi tómen. Jaqında mektepte ata-analar jıynalısı boldı. Álbette, onda tómen oqıytuǵın oqıwshılar tuwralı sóz boldı. Klass jetekshisi Gúlbáhár muǵallim ata-analar kózinshe Erpolat tuwralı kúyip-pisip ayttı.

— Bizler onıń tómen oqıwına kónlikpeymiz. Jalqawlıǵı azday, jaqpas qılıǵı janǵa batıp baratır. Haw, usı kúnde ash adam joq. Ol bolsa basqalardıń papkasınan nanın jasırıp alıp jeydi. Bul da tura bersin, endi kelip-kelip dápterlerge qol sala basladı. Bul aytqanlarım ótken jıldaǵı hádiyseler. Bıyıl jaramas ádetin taslamay klasındaǵı Júzimgúldiń taza ruchkasın alǵan. Onı Roza kórgen. Inanbayıq desek, sol ruchka onıń papkasınan tabıldı. Áne, awhal sonday?! Buǵan ne qılsa boladı? Oylasıq bul. Bala tárbiyası hámmege teń. Ózleriń ayta qoyıń?!

Erpolattıń apası ornınan ushıp turdı.

— Endi men aytsam, balam erke ósti. Jańaǵı aytqanlarıńdı ne dewge boladı?! Bálki, balalıqtan islep atırǵandı. Biraq, bizlerdiń xabarımız joq... Durıs, tárbiya bos bolǵan. Moyınlaymız. Tártipke shaqıramız. Men ol júwernemektiń jawırnın jazıp qoyaman. Oǵan

e jetpey atır eken?! Birewdiń papkasınan nan urlap ɪydi degen ne sumlıq?!

Sonnan baslap Erpolattıń apası balasınıń jaqpas ıdetleri tuwralı kóp oylandı. Biraq, bul saparı ıalasınıń qılığı tuwralı ákesine tis jarıp aytpadı.

«Úyrengen ádet qala ma, kótere ber mushıńdı» ıegendey Erpolat aradan kóp waqıt ótpey burıńğı ıdetin basladı.

Bul saparı onıń ákesi mektepke arnawlı shaqırıldı. Muǵallim oǵan balasınıń islegenlerin aytıp berdi. Úlken adam ol ne desin, úyine tislenip qayttı. Balasınıń sazayın berdi. Erpolat báribir taǵı teris ádetin qaytaladı. Endi muǵallim oǵan kópshilik bolıp ɪhara qollanıw jolın qarastırdı. Sabaq baslandı. Muǵallim oqıwshılardı barladı.

— Esnazarov.

— Men.

— Erpolat taxtaǵa shıq?! Qáne, ayt keshegini tákirarlawıńa ne sebep boldı?

— ...

Erpolat sam-saz. Moynın buǵıp turıp aldı.

— Qáne, oqıwshılar ózleriń aytıń, oǵan qanday shara qollanamız?

Oqıwshılar ǵawırlasa basladı.

— Mektepti aylana bes márte juwırsın!

— Klastı tazalap sıpırsın, juwsın!

— Qatarına úsh kún náwbetshi bolsın?

— Bolmaydı. Qáne, Erpolat, sen sırttan pútin bir gerbish alıp qayt?!

Ol sırttan pútin tas gerbish alıp qayttı. Muǵallim birden kúlip jiberdi.

— Yaqshı, aparıp taslay ǵoy! Usınıń ózi de jetedi. Balaǵa mushta tas gerbish kóterip qoyıw, eskirgen góne usıl. Seniń onı sırttan óziń barıp ákeliwiń ayıbıńdı moyınlaǵanǵa jatadı. Endi, qay jerden alsań sol jerge aparıp tasla? Aytpaqshı, gerbishti paqsadan qoparıp alǵan joqsań ba?

— Joq, muǵallim pútin nárseni buzıwǵa bolmaydı ǵoy!

— Áne, áne, mına pikiriń durıs, Erpolat...

## JAMBÍLSHANÍ TÁRNEK DEP...

Karamat bes jasqa shıqtı. Onıń taqıldap sóylegen sózleri hámmeni erksiz kúldiredi. Ótken jılǵı Quwattıń dáslepki márte oqıwǵa barǵandaǵı qızıǵın aytpaysız ba?

— Apa, men de Quwat penen birge oqıwǵa baraman. Úyde bir ózim oynap qala almayman?!

Solay etip, ol bir hápte Quwat penen mektepke qatnadı. Bir saparı awılǵa barǵanımda onnan:

— Qara, sen ele ájaǵań menen birge mektepke barıp júrseń be? Bara ber. Oqıwǵa barǵannan keyin sabaqlarınnan bilgish bolasań, degenimde:

— Barıwın barıp júrmen-aw! Biraq, Quwatlar sabaqlarına tayarlanıp kelmese muǵallim qulaǵınan tartadı eken-dá! — dedi. Qullası, onıń sóylegen sózleri usındaydan kele beredi. Házir jaz ayı. Barlıq jemisler pisip atır. Karamattıń erikleri bolsa uwılјıp pisip tawsılıw aldında tur. Jaqında ol ája-ǵasına:

— Ájaǵa, eriklerim tawsılsa ne jeymen? Qawınlardı ɛetpenlep endi qarıǵın alıp atırsań? — dedi.

— Erte piser tárnek, jambılshalarıń bar. Onı bir-eki hápteden keyin jeyseń...

— Ájaǵa, birewin jep kóreyin-dá! Ańsat, Quwat kólge qarmaq qurıwǵa ketkende jep alaman?

— Onday bolsa kelistik, balam. Dáslep maǵan úyden ishetuǵın suw ákelip ber. Karamat ájaǵasınıń aytqanın esitip quwanıp úyine juwırıwı menen ketti. Suwdı tayın etti.

— Balam, qalıń pálektiń bergi basında torlap turǵan aq tárnek bar. Sonı úzip ákele ǵoy. Ózim tilip beremen.

— Boladı.

— Ol quwanıwı menen atızǵa ketti. Qalıń pálek arasına sıǵalap kóz juwırta basladı. Óziniń kórip júrgen ala jambılshası bar edi. Sonı bar kúshin salıp úzip aldı.

— Ájaǵa, aldım. Pisken eken?!

— Beri alıp kel?!

— Házir ájaǵa.

— O-ho, balam-aw, tárnek dep jambılshanı úzipseń ǵoy?! Bul ele turıwı kerek edi.

— Tárnek usı emes pe?

— Yaq, balam, tárnektiń túri aq boladı. Júr, ózim barıp tárnekti kórsetip alıp bereyin.

Solay etip, Karamattı atızǵa ertip kelip ájaǵası tárnekten alıp berdi.

Sonnan berli Karamat tárnek penen jambılshanı ayırıp biletuǵın boldı.

## ATAMNIŃ ARBASI

Awılda mal qora aldında turǵan gúlmıyıqlı arbaǵa barlıq úkelerim qızıqsınıp qaraydı.

Eger ájaǵası eshekti arbaǵa qosatuǵın bolsa, onda olardıń jolı bolıp qaladı. Hámmesi jıbırlasıp arbanıń qasına keledi.

— Ájaǵa, arbaǵa mingizesiz be?

— Ájaǵa, mınaw arbanıń nesi?

— Mıyıǵı.

— Mınaw ne?

— Qamtısı...

— Mınaw she?

Usınday hár túrli sorawlardı berip tolıq juwapların alǵannan keyin arbaǵa minedi. Bir kúni azanǵı shay ústinde otırǵan 3-klasta oqıytuǵın Abatbay kempir apasınan usı arba tuwralı qızıqsınıp soray basladı.

— Apa, apa, mal qora bettegi turǵan arbanı kim soqqan?

— Balam-aw, bunı eski qolı gúl ustalar islegen.

— Úydegi arba kimniń arbası?

— Bul atańnıń arbası. Onı burınǵı ustalar soqqan. Arba burınları úlken kólik edi. Hátte, adamlar usı arba menen Shımbay, Xalqabad, Qaraózek, Taxtakópir bazarlarına barıp kerekli zatların júklep alıp qaytqan. Adamlar arbadan házirde jaqsı paydalanadı. Sonday aq, mashina, traktor, basqa da texnikalar jumıs atqaradı. Olardı úlkeyseńiz sizler de meńgeresiz, balam, — dedi kempir apası. Abatbay kempir apasınıń

ul aytqanlarına dıqqat qoyıp tıńladı. Esinde tuttı. Soń sırtqa shıǵıp, atasınıń gúlmıyıqlı arbasına uzaq ńigilip súysinip qaradı.

Erteńine Abatbay mektepke sabaǵına kelgennen keyin klaslas doslarına gúlmıyıqlı arba tuwralı gúrriń etip aytıp berdi.

## «ÓPEPEK» DEP SÓYLEP OTÍR

— Ópepek-pıx-pıx! Ópepek-pıx-pıx!...

Úy aldındaǵı ósip turǵan qarataldıń shaqasına qonıp otırǵan sup-sulıw qustıń sayrap turǵan hawazına Timur tańlana qaradı. Ol ópepekti birinshi kóriwi edi.

— Apa, terekte — «ópepek, ópepek» dep bir qus sóylep otır. Ol qanday qus?

— Ópepek degen qus ǵoy, balam!

— Ol ne, óz atın ózi ayta ma?

— Awa, balam. Onı «ópepek» dep baqırǵanı ushın solay dep ataǵan. Endi barlıq quslar da keledi. Bizler hár túrli daqıllar egiwge kirisemiz!

— Qawın-ǵarbız...

— Awa, balam, erte piser jambılsha, tárnek hám qıyar egemiz. Sizler quslarǵa ǵamxorlıq etesiz. Ele, búlbil, qarlıǵash, shaǵala hám digildik degen quslar keledi. Olar awıllarımızdıń kól hám baǵlarında mákan basadı.

— Olardıń ishinde úyge jaqın jerlerge uya soǵatuǵınları da bar shıǵar?

— Bar, balam. Olardan qarlıǵash, qumırı... Qarlıǵash hátte jaydıń ishine uya saladı.

Apasınıń gúrrińinen soń Timur sabaqtan keyin be[s] jasar úkesi Elmira menen uya soǵıwǵa kiristi. Bul báhár aylarınıń ishi edi.

Házir Timur 1-klastı tamamlap, jazǵı demalısın kewilli ótkerip atır.

### KIM JAQSI?

Ata-ana úsh perzenti menen azanǵı dasturxan átirapında shay iship otırǵan edi. Jeti jasar Karamat jańa quyılǵan kesesin úplep-úplep jerge qoydı. Soytip, hámmege soraw tasladı:

— Ayta ǵoyıń, qáne ishimizde kim jaqsı?

Qolına quwırshaǵın uslaǵan úsh jasar Almagúl ornınan órre turdı.

— Men jaqsıman, aǵam menen apamnıń sulıw, ay qızıman! — dedi.

— Pah, ayttıń-dá! Tap bar ǵoy aǵam jaqsı, — dedi tórt jasar Názigúl qarsılasıp. Ata-ana balalarının gápine aralaspay mıyıqlarınan kúlip otırdı.

— Bilmeydi ekensiz, hámmemizdiń ishimizde apam jaqsı, — dedi Almagúl menen Názigúl ádepki pikirinen qaytıp.

— Ul-qızların janınday súyip tárbiyalaǵan ata-ana da jaqsı, ata-anasınıń qádirin bilgen balaları da jaqsı. Qullası, bárimiz de jaqsımız, — dep ana ul-qızların óz qushaǵına tarttı.



### BALA TILI — PAL

Úsh jasar Juldız Ospanova menen anası «emlewxanada» oyının oynap atır. Anası — shıpaker, Juldız — dawalanıwshı. Anası qızınan soraydı:

— Seniń atıń kim?

— Juldız.

— Familiyań?

— Ospanova.

— Xosh, qanday arzıń bar densawlıǵıń boyınsha?

— Men, sawman. Tek ǵana bazı zatlar jetispeydi.

— Neler jetispeydi eken?

— Oyınshıqlar az. Quwırshaq satıp alınıwı kerek?! — dedi Juldız.

* * *

Úsh jasar Azamat ata-anasınan multfilm qoyıp beriwin soradı. Lekin, oǵan kóriwge ruqsat bermedi. Soń apasınıń qasına kelip áste sıbırlap:

— Apa, awırıp turman?!

Apası qorqıp:

— Qay jeriń awırıp tur, balam?

— Shekem. Maǵan televizordan multfilm qoyıp berseńiz?!

* * *

Eki yarım jasar Tamara apasınıń vannada shomılıp atırǵanına sıǵalap qaradı. Hayran qalıp:

— Apa, apa bul suwdan mantıqpay qalay shıǵıp ózińe keldiń?!

— ...

GÚLISTAN PIRNAZAROVA

# ÓMIRIMNIŃ GÚLISEŃ — ANA

## ÓMIRIMNIŃ GÚLISEŃ — ANA

Tek ózińseń — ómirimniń gúli,
Ey mehriban, ayawlı ana.
Álpeshlediń, ósirdiń meni,
Bolıp maǵan bárqulla pana.

Tek ózińseń júrsem de qayda,
Pana etip súyener tawım.
Shóllegende suwsız dalada,
Sıldırlaǵan móldir bulaǵım.

Tek ózińseń jaslıǵımdaǵı,
Shadlı kúlkim, shuǵlalı tańım.
Ómirim báhár — tek sen arqalı,
Mehribanım, ey anajanım.

## USTAZLARǴA

Birinshi ret qolǵa qálem alǵanda,
Jas júregim quwanıshqa tolǵanda.
Mektebime tuńǵısh qádem qoyǵanda,
Bilim gúzarına basladıńız siz.

Ata-anamday mehrińizdi berdińiz,
Erteńgi kún jer nanıńız dedińiz,

Bilim bulağınıń káni óziñiz,
Keleshekti bizge nusqadıńız siz.

Qanat qomlap siz ushırǵan uyamız,
Ustazlarǵa minnetdarmız mudam biz,
Baxtımızǵa tilekles bop turasız,
Nur shashqan shuǵlalı aspanımız siz.

## KIM BOLAMAN?

Kim bolaman, qaysı kásip iyesi,
Qanday stanoktı meńgeremen men.
Kóz aldımda keleshektiń elesi,
Qanday kásip penen tanılar ekenmen.

Qıyalım ketedi sharlap álemdi,
Ánekey kosmosta sayaxattaman.
Geyde oylanaman uslap qálemdi,
Baslamaqshıdayman jańa roman.

Texnikanıń sırlı áleminde men,
Maman bolsam kompyuterdi meńgergen.
Geyde ashılmaǵan álem sırın ashsam,
Alımlarǵa bar ma adam teń kelgen?...

Meyli, kim bolsam da, qayda bolsam da,
Xızmet etiw kerek elge paydalı.
Sonlıqtan da bizlerdey jas insannan,
Sır qutılmas aspan menen Aydaǵı.

## ABATBAY HÁM GÓJEK

Tosattan bir kúni Abatbay,
Ushırastı gójekke,
Uslap alıp uzatpay,
Áketpek boldı úy betke.

Biraq, gójek uslatpay,
Hálek etti Abattı.
Ashıwı kelgen Abatbay:
«Hásseniy!» dep til qattı.

Uslaw ushın gójekti,
Juwırdı oyaq-buyaqqa,
Qaray ǵoy mına ójetti,
Qolǵa aldı tayaqtı.

Uslayman degen gójekti,
Qalay payda boldı oy.
Qulaq sal, Abat qoyaǵoy,
Anası onıń qoyan ǵoy.

## MAZMUNÍ

### TOLÍBAY QABULOV
### BALALAR BAǴÍNDA

Ashkózler ............................................. 4
Qara buǵa ............................................. 8
Balalar baǵında ............................................. 12
Svetofor haqqında qosıq ............................................. 13
Balamnıń balasına ............................................. 14
Ulımnıń úlkenine ............................................. 15
Qızım, tıńla. ............................................. 17

### SHIYRIN ATAMURATOVA
### SÁLEM, MEKTEP!

Kóylek ............................................. 21
Pıshıǵım. ............................................. 21
Paxta ............................................. 21
Jap boyında ............................................. 22
Samal ............................................. 22
Quyash ............................................. 22
Qara ǵarǵa ............................................. 22
Jamǵır ............................................. 23
Ayaz baba ............................................. 23
Qıs kelgende ............................................. 24
Yolka ............................................. 24
Suwıq ............................................. 24
Awıl tańı ............................................. 25
Soqpaq ............................................. 25
Sálem, qıs! ............................................. 25
Túnde ............................................. 26
Meniń elim ............................................. 26

Anajan ........................................ 26
Báhárde ........................................ 27
Jańıltpash ........................................ 27
Tábiyat ........................................ 28
Sawǵa ........................................ 28
Awılım ........................................ 29
Aǵama ........................................ 29
Neshew boldıq, tabıńız? ........................................ 30
Kempir apam ........................................ 30
Kógerip tur tep-tegis ........................................ 30
Bir jasqa da tolmaǵan ........................................ 31
Ókinish ........................................ 31
Paxtanıń sózi ........................................ 32
Neshege kelgen ........................................ 33
Tórtte emes, bestemen ........................................ 34
Kishimen ele ........................................ 35
Baqshada ........................................ 35
Ne ushın, sen, júrmeyseń? ........................................ 35
Jayna, jasna, baqshamız! ........................................ 36
Úyregim ........................................ 37
Qasıńdaman ........................................ 37
Qonaqqa keliń! ........................................ 38
Shokoladtı tewestim ........................................ 38
Isenimin aqlayman ........................................ 38
Kishigim ........................................ 39
Árman ........................................ 40
Bultlar ........................................ 40
Dárhal juwap beredi ........................................ 40
Bizler ekewimiz ........................................ 41
Aygúl menen Gúlayım ........................................ 42

Jumbaqlar ........................................ 42
Bilmesten jep qoyaman ........................ 44
Shımshıqlar ...................................... 44
Balalıq ............................................ 45
Úsh qurdas ....................................... 45
Men quslardı súyemen ......................... 46
Anam isler qurılısta ........................... 46
Gúbelek ............................................ 47
Sálem, mektep, xosh bol, baqshamız! ...... 47
Qurılısshı bolamız .............................. 48
Úlestirip beremen ............................... 48
Quwırshaq ......................................... 48
Biziń Asan ......................................... 49
Biz mektepke baramız .......................... 49
Wazıypa men ushın ............................. 50
Kishkene Aygúl .................................. 50
Iyne, sabaq ........................................ 52
Júrdi úkem ........................................ 53
Úsh dápter ......................................... 53
Ne ushın telefon bánt? ......................... 54
Ata-analarǵa ...................................... 55
Ushıp keliń tezirek ............................. 55
Kempir apam ekewimiz ........................ 56
Ana súti (Ertek) .................................. 57

## ALTÍNGÚL ÓTENIYAZOVA
## MIYRIGÚL

Miyrigúl ........................................... 68
Haywanlarǵa da ǵamxorlıq kerek ............ 69
Aǵamnan úyrendim .............................. 70
Meniń qosıǵım ................................... 71

Tásirsheń Gáwhar .................................... 73
Qamaq ................................................ 75
Fonarik .............................................. 77
Jeti kúshik .......................................... 79
Boyıńız ele óse me? .................................. 79
Tayaǵıńız neshe jasta? ............................... 80
Iyt jemegen konfet ................................... 81
Uyqılap otırǵanım joq ................................ 82
Shıbın qayda, pil qayda? ............................. 83
Sumlıǵı kelispedi .................................... 83

## GENJEBAY JÚGINISOV
## TULPAR

Atamnıń qusı (Gúrriń) ................................ 86
Tulpardıń taǵası ..................................... 89
«Tikenek»ti kim jırttı? .............................. 91
«Ala qawın»dı kim úzdi? .............................. 93
Sur qoyan ............................................ 94
Qolı suq bala ........................................ 96
Jambılshanı tárnek dep ............................... 98
Atamnıń arbası ....................................... 100
«Ópepek» dep sóylep otır ............................. 101
Kim jaqsı? ........................................... 102
Bala tili — pal ...................................... 103

## GÚLISTAN PIRNAZAROVA
## ÓMIRIMNIŃ GÚLISEŃ — ANA

Ómirimniń gúliseń — ana .............................. 105
Ustazlarǵa ........................................... 105
Kim bolaman? ......................................... 106
Abatbay hám gójek .................................... 107

# BALALAR USHÍN QOSÍQLAR HÁM GÚRRIŃLER

*(Kishi hám orta mektep jasındağı balalar ushın)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2017*


*Redaktor* *Bazargúl Zivarova*
*Operator* *Erbol Aljanov*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 16. 12. 2017. Qaǵaz formatı 60x84$^1/_{16}$. Ofset usılında basıldı. Garniturası — «Shkolnaya KRKP». Kólemi 7, 0 b/t., 6,51 shártli b/t., 5.9 esap b/t. Jámi 1000 nusqada. Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa № B-17.

**Licenziya Al №114.**

«Qaraqalpaqstan» baspası: 230100, Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

«FARMA PRINT NUKUS» JSHJ tipografiyasında basıldı. Mánzil: Nókis qalası, A. Dosnazarov kóshesi, 62-jay.